Istwa Nouvo Testaman yo

Istwa Nouvo Testaman yo

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo
Salt Lake City, Uta

Kouvèti devan an: *La Nativite,* pa Paul Mann. © IRI
Kouvèti do a: *Mari bò tonm nan,* pa Paul Mann. © IRI

© 1980, 2005 pa Intellectual Reserve, Inc.
Tout dwa rezève
Dezyèm edisyon
Revize an 2008
Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon anglè: 6/08. Apwobasyon tradiksyon: 6/08.
Tradiksyon *New Testament Stories*.

Haitian 36618 036

Kontni

Chapit	Tit	Paj
	Entwodiksyon: Plan Papa nou ki nan Syèl la	1
1	Elizabèt ak Zakari	6
2	Mari ak zanj la	8
3	Jan Batis fèt	10
4	Jozèf ak zanj la	12
5	Jezikri fèt	13
6	Prezantasyon nan tanp la	16
7	Wa Maj yo	18
8	Ewòd, wa mechan an	19
9	Jezi, ti gason	21
10	Jezi batize	26
11	Jezi sibi tantasyon	30
12	Nòs nan Kana a	32
13	Jezi ak kay Papa li ki nan Syèl la	34
14	Nikodèm	36
15	Fi bò pi a	38
16	Pitit gason gwo fonksyonè a	40
17	Moun fache nan Nazarèt yo	42
18	Jezi chwazi apot li yo	44
19	Diskou sou mòn nan	48
20	Jezi anseye sou lapriyè	51
21	Jezi kòmande van yo ak vag lanmè yo	53
22	Mesye ki te gen movèzespri yo	54
23	Mesye ki pa t ka mache a	57
24	Pitit fi Jayiris la leve soti nan lanmò	59
25	Yon fi touche rad Jezi	62
26	Jezi padone yon fi	64
27	Fè travay papa li sou tè a	67
28	Jezi nouri 5.000 moun	69
29	Jezi mache sou dlo a	71

30 Pen lavi a 73
31 Jezi geri yon moun soud 75
32 Pyè temwaye de Kris la 76
33 Aparisyon nan glwa: Transfigirasyon an 78
34 Ti gason avèk movèzespri a 80
35 Bon Samariten an 82
36 Jezi rakonte twa parabòl 85
Brebi pèdi a 86
Pyès lajan pèdi a 88
Pitit gason pèdi a 90
37 Dis lepre yo 95
38 Farizyen an ak pibliken an 97
39 Jezi geri yon mesye avèg 100
40 Bon bèje a 102
41 Jezi beni timoun yo 104
42 Jenòm rich la 105
43 Jezi fè Laza retounen nan lavi 107
44 Sovè a ale Jerizalèm 110
45 Ofrann vèv la 113
46 Dezyèm vini an 115
47 Dis vyèj yo 118
48 Talan yo 121
49 Premye Sentsèn nan 124
50 Lòt ansèyman yo nan Dènye Repa a 127
51 Jezi soufri nan Jaden Jetsemani a 129
52 Jijman Jezi 133
53 Jezi krisifye 136
54 Jezi resisite 139
55 Apot yo dirije Legliz la 145
56 Pyè geri yon moun 148
57 Mesye mechan yo touye Etyèn 150
58 Simon ak Prètriz la 152
59 Sayil aprann sou Jezi 154
60 Pyè fè Tabita retounen nan lavi 156
61 Pòl al Silas nan prizon 158
62 Pòl obeyi Sentespri a 161
63 Pòl fini misyon li 162

Apre Nouvo Testaman an 167
Mo pou konnen 171
Kote pou konnen 176
Moun pou konnen 179
Foto Tè Sent la 180
Kwonoloji Nouvo Testaman an 184

Sous

Kèk nan enfòmasyon ki nan liv sa a soti nan sous ki pa ekriti ke nou site anba a.

Diksyonè Bib nan edisyon Sen Dènye Jou Vèsyon Bib Wa Jak la (1979)

Jak E. Talmage, *Jezi, Kris la,* 3zèm edisyon (1916)

Ansèyman Pwofèt Joseph Smith, sel. Joseph Fielding Smith (1976)

Pou lektè a

Istwa Nouvo Testaman yo ekri espesyalman pou ou. Istwa sa yo soti nan yon liv ki sakre. Pandan w ap li istwa sa yo, sonje ke yo konsène moun reyèl ki te viv sa gen lontan.

Li istwa yo plizyè fwa jiskaske ou konnen yo byen. Ou pral anvi li yo nan Bib la tou. Anba pifò nan foto yo, w ap jwenn referans ki ap di ou ki kote pou w jwenn istwa sa a nan Bib la oswa nan lòt liv. Fè papa ou, manman ou, enstriktè ou, oswa yon zanmi ede ou jwenn istwa a nan ekriti yo.

Si w pa konnen kisa yon mo vle di, al gade nan seksyon “Mo pou konnen” an ki nan paj dèyè yo nan liv sa a. Si w vle aprann plis sou yon zòn, al chèche nan seksyon “kote pou konnen” an. Si ou pa konnen kiyès yon moun ye, chèche li nan seksyon “Moun pou konnen” an. Liv sa a gen yon seksyon avèk foto kote nan Tè Sent la ak kwonoloji Nouvo Testaman an tou.

Pou paran yo ak enstriktè yo

Liv sa a kapab ede ou anseye ekriti yo. Itilize seksyon “Mo pou konnen”, “Kote pou konnen” ak “Moun pou konnen” yo pou ede timoun yo vin abitye avèk mo yo, moun yo, ak kote yo nan liv sa a. Lòt èd ki nan liv sa a gen ladan yo kat, foto, ak yon kwonoloji.

Lè w ap anseye, pataje temwayaj ou sou Bib la. Ankouraje moun w ap anseye yo pou yo chèche, nan lapriyè, akeri pwòp temwayaj pa yo konsènan ekriti yo ak konsènan Sovè a, Jezikri. Konpreyansyon moun w ap anseye yo ap grandi vin pi gran toujou amezi w ap li pou yo istwa yo pi renmen yo soti nan Bib la li menm.

ENTWODIKSYON

Plan Papa nou ki nan Syèl la

Nou te viv nan syèl la avèk Papa nou ki nan Syèl la anvan nou te vin sou tè a. Nou se pitit lespri li epi nou te gen kò lespri. Nou te renmen li, epi li te renmen nou.

Ansèyman Pwofèt Joseph Smith, *354*



Papa nou ki nan Syèl la te anseye nou osijè plan li pou nou. Li rele plan Sali a. Si nou suiv plan li a, nou kapab vin tankou Papa nou ki nan Syèl la. Plan an sete pou nou vin sou tè a pou n gen kò lachè ak san. Pou nou te pase anba eprèv pou yo wè si nou t ap chwazi pou n obeyi kòmandman Bondye yo.

Abraram 3:24–25

Plan Sali a bay yon mwayen pou nou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò. Nou t ap bezwen respekte kòmandman yo. Men nou t ap bezwen èd tou. Nou t ap bezwen yo retire peche nou yo, epi nou t ap bezwen kò resisite. Paske nou pa t ap kapab retire peche nou yo ni resisite kò nou, nou te bezwen yon Sovè pou fè sa pou nou.

2 Nefi 2: 5–9

Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezikri pou l te Sovè nou. Jezi te renmen Papa nou ki nan Syèl la. Jezi te renmen nou tou. Li te dakò pou vin sou tè a pou montre nou kijan pou nou jis. Li t ap bay chemen pou nou tout kapab sove a. Li te dakò pou soufri pou peche nou yo. Li t ap mouri epi resisite tou pou nou te kapab resisite tou.

2 Nefi 2: 8–9; Moyiz 4: 1–2

Satan te vle vin sovè nou tou. Men li pa t renmen Papa nou ki nan Syèl la. Li pa t renmen nou. Li te vle chanje plan Papa nou ki nan Syèl la pou l te kapab gen pouvwa ak laglwa Papa nou ki nan Syèl la.

Moyiz 4: 1–2

Kèk nan pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la te chwazi pou suiv Satan. Sa te fè Papa nou ki nan Syèl la mal anpil. Li te fè Satan ak moun ki te suiv li yo ale kite syèl la. Satan se dyab la. Li menm ak lespri ki te suiv li yo vle nou fè peche.

Moyiz 4:3–4

Papa nou ki nan Syèl la te di Jezi pou l fè yon tè pou nou. Jezi te fè sa. Li te fè solèy la, lalin nan, ak zetwal yo. Li te mete plant ak bèt sou tè a. Kounyeya nou te gen yon tè pou n vini kote nou t ap gen kò lachè ak san.

Ebre 1:2; Mozya 3:8; Abraram 4

Anpil moun vin viv sou tè a. Gen kèk nan yo ki chwazi pou obeyi kòmandman Bondye yo; genyen ki pa obeyi. Ansyen pwofèt yo te anseye moun yo sou plan Papa nou ki nan Syèl la ak sou Jezikri.

2 Nefi 2: :19–21; Jakòb 7: 10–11; Moyiz 5:13–15

Pwofèt yo te di ke papa Jezi se t ap Papa nou ki nan Syèl la. Manman l t ap yon trè bon fi ki rele Mari. Li t ap fèt nan Betleyèm.

Ezayi 7:14; Miche 5:2; 1 Nefi 11: 18–21; Alma 7:10

Pwofèt yo te di ke anpil moun pa t ap kwè ke Jezi sete Sovè a. Li t ap sanble avèk tout lòt moun e li pa t ap rich. Anpil moun t ap rayi li.

Ezayi 53: 2–3



Pwofèt yo te pale de Jan Batis tou. Li t ap vini anvan Jezi pou pale moun yo de li. Jan t ap batize Jezi.

Ezayi 40:3; Matye 3: 1–3; 1 Nefi 10: 7–10; 11:27

Pwofèt yo te di ke Jezi t ap yon bon moun e li t ap fè anpil mirak. Anvan l te mouri, Jezi t ap soufri pou peche tout moun pou yo pa gen pou yo soufri si yo repanti.

Mozya 3: 5–8; Doktrin ak Alyans 19:16–18

Anpil pwofèt te konnen ke Jezikri, Sovè nou, ta pral krisifye. Li ta pral kloure sou yon kwa epi bay lavi li pou nou.

Jan 3: 14–15; Mozya 15: 7–9

Apre twa jou, li t ap resisite. Espri li t ap retounen nan kò li. Paske Jezi t ap mouri epi resisite, nou tout t ap resisite tou.

Ezayi 25:8; 1 Korentyen 15:22; 2 Nefi 2:8; Alma 33: 21–22



Nouvo Testaman an montre ke pawòl pwofèt yo vrè. Li se istwa Jezikri ak Apot li yo. Yo te viv nan Tè Sent la. Anpil nan moun ki te viv kote sa yo te rele Jwif. Women yo te mete Tè Sent la sou lokipapsyon, e yo t ap gouvène Jwif yo.

CHAPIT 1

Elizabèt ak Zakari

Zakari ak madanm ni, Elizabèt, sete Jwif ki t ap viv tou pre Jerizalèm. Yo te obeyi kòmandman Bondye yo. Pandan anpil ane yo te priye pou yo te gen yon bebe. Lè yo te vin granmoun, yo te toujou pa t gen pitit.

Lik 1: 5–7, 13



Zakari sete yon prèt nan tanp lan. Yon jou yon zanj ki te rele Gabriyèl te parèt devan li. Gabriyèl te di ke Bondye te reponn priyè Zakari ak Elizabèt. Yo t ap gen yon bebe. Gabriyèl te di ke yo dwe rele ti bebe a Jan.

Lik 1: 8–13, 19

Gabriyèl te di ke Jan t ap yon pwofèt fidèl Bondye.
Li t ap anseye moun yo sou Jezikri.

Lik 1: 15–17

Zakari pa t kwè zanj la. Elizabèt te twò granmoun pou l te fè yon pitit. Gabriyèl te di paske li pa t kwè sa Bondye te pwomèt la, Zakari t ap vin bèbè jiskaske Jan te fèt.

Lik 1: 18–20

CHAPIT 2

Mari ak zanj la

Mari ak Jozèf te viv nan Nazarèt. Yo sete trè bon moun. Youn te renmen lòt e yo ta pral marye.

Lik 1: :26–27

Yon jou anj Gabriyèl te parèt devan Mari. Li te di Mari ke Bondye t ap beni li.

Lik 1: 26, 28–30

Gabriyèl te di Mari ke li ta pral manman Pitit Bondye a. Non li se t ap Jezi, e li t ap Wa tout moun ki jis yo.

Lik 1: 31–33

Mari te di ke li t ap obeyi Papa nou ki nan Syèl la e li t ap manman Jezi.

Lik 1: 34–35, 38; 1 Nefi 11: 18–21

CHAPIT 3

Jan Batis fèt

Zanj Gabriyèl te di Mari ke Elizabèt ta pral gen yon ti bebe gason tou. Mari ak Elizabèt sete fanmi.

Lik 1: 36–37

Mari t al vizite Elizabèt. Sentespri a te di Elizabèt ke Mari se t ap manman Jezikri. Mari ak Elizabèt te di Bondye mèsi paske l beni yo. Mari te rete avèk Elizabèt pandan apeprè twa mwa. Apresa Mari te retounen Nazarèt.

Lik 1: 39–56

Pitit gason Elizabèt la te fèt. Zanmi li ak fanmi li te kontan. Yo te panse ke ti bebe a ta pral gen menm non avèk papa li, Zakari. Men Elizabèt te di ke non li se t ap Jan. Tout moun te etone.

Lik 1: 57–61



Moun yo te mande Zakari kijan ti bebe a t ap rele. Zakari te toujou pa t ka pale, konsa li te ekri: “Non li se Jan.”

Lik 1: 62–63

Apresa Zakari te vin kapab pale ankò. Li te ranpli avèk Sentespri a. Li te di moun yo ke Jezikri ta pral fèt talè epi li menm Jan ta pral prepare moun yo pou li.

Lik 1: 64, 67–69, 76

Jan te grandi vin yon gran pwofèt. Li te anseye moun yo sou Jezikri.

Lik 1: 67, 76–80

CHAPIT 4

Jozèf ak zanj la

Jozèf sete yon trè bon gason. Li menm ak Mari te gen pou yo te marye. Lè li te aprann ke Mari ta pral fè yon pitit, li pa t konn kisa pou l te fè. Paske bebe a se pa t pitit li, li te panse ke li pa t dwe marye avèk li.

Matye 1: 18–19

Yon jou swa yon zanj te parèt devan Jozèf nan yon rèv epi li te di l ke ti bebe Mari a sete Pitit Bondye a. Zanj la te di Jozèf pou l te marye avèk Mari epi pou l te rele ti bebe l la Jezi. Jezi se t ap Sovè mond lan.

Matye 1: 20–21

Jozèf te obeyi zanj lan epi li te marye avèk Mari.

Matye 1: 24–25

CHAPIT 5

Jezikri fèt

Anperè Women an te fè yon lwa ke tout moun dwe peye taks. Jozèf ak Mari te viv nan Nazarèt. Yo te oblije vwayaje sou 105 kilomèt pou ale Betleyèm pou peye taks yo.

Lik 2: :1–5

Sa pa t fasil pou Mari te vwayaje ale Betleyèm. Bebe l la te prèske fèt.

Lik 2: 4–5



Lè Jozèf ak Mari te rive Betleyèm, tout otèl yo te ranpli avèk moun. Mari ak Jozèf te oblije ale nan yon etab. Yon etab se yon kote yo gade bèt.

Lik 2: 6–7

Se la tibebe a te fèt. Mari te vlope li nan twal epi li te mete l kouche nan yon ganmèl. Jozèf ak Mari te rele ti bebe a Jezi.

Lik 2:7, 21

Jou swa Jezi te fèt la, bèje yo t ap pran swen mouton yo nan jaden yo tou pre Betleyèm. Yon zanj te parèt devan yo. Bèje yo te pè.

Lik 2: 8–9

Zanj la te di yo ke yo pa bezwen pè. Li te gen gwo nouvèl pou yo: Sovè a, Jezikri, te fèt nan Betleyèm. Yo t ap jwenn ni kouche nan yon ganmèl.

Lik 2: 10–12

Bèje yo te ale Betleyèm, kote yo te wè tibebe Jezi.

Lik 2: 15–16

Bèje yo te kontan wè Sovè a. Yo te di lòt moun yo tout sa yo te tande ak wè.

Lik 2: 17, 20

CHAPIT 6

Prezantasyon nan tanp

Lè Jezi te gen sèlman kèk semèn, paran li te mennen l Jerizalèm pou yo te prezante li nan tanp.

Lik 2:22

Simeyon, yon mesye jis ki t ap viv nan Jerizalèm, te nan tanp lan. Sentespri a te di li ke li t ap wè Kris la anvan l mouri.

Lik 2: 25–26

Simeyon te wè Jezi tibebe nan tanp lan. Li te kenbe l nan men li epi li te louwe Bondye.

Lik 2: 27–29

Simeyon te di ke pitit la t ap pote Sali bay tout moun. Jozèf ak Mari te emèveye pou sa l t ap di yo.

Lik 2: 30–33



Yon vèf ki te rele Àn te wè Jezi tou epi li te konnen kiyès li te ye. Li te di mèsi epi li te pale anpil moun de li.

Lik 2: 36–38

CHAPIT 7

Wa Maj yo

Gen kèk wa maj ki t ap viv nan yon lòt peyi. Yo te konnen sa pwofèt yo te di konsènan nesans Jezi a. Lè yo te wè yon nouvo zetwal parèt nan syèl la, yo te konnen ke yon nouvo wa te fèt.

Matye 2: 1–2



Wa Maj yo t al wè Ewòd, yon wa Jwif yo, nan Jerizalèm. Yo te mande l ki kote nouvo wa a te ye. Ewòd te di yo pou yo te chèche nan Betleyèm Lè yo jwenn ti bebe a pou yo retounen vin di Ewòd.

Matye 2: 1–2, 8

Wa Maj yo te ale Betleyèm epi yo te jwenn Jezi. Yo te adore li epi yo te ba l kado. Yo te di yo nan yon rèv pou yo pa t retounen Jerizalèm pou al di Ewòd ki kote ti bebe a te ye. Yo pa t retounen.

Matye 2: 11–12

CHAPIT 8

Wa mechan Ewòd

Wa Maj yo te di Ewòd ke Jezi t ap vin wa. Ewòd te vle rete sèl wa. Li te di sòlda yo pou yo te touye tout ti bebe nan Betleyèm yo ak nan zòn alantou yo.

Matye 2: 3, 13, 16



Yon zanj te di Jozèf pou l te pran Mari ak Jezi mennen yo an Ejip, yon peyi byen lwen Betleyèm. Ewòd pa t apral chèche Jezi nan kote sa a.

Matye 2:13

Jozèf te obeyi. Li menm ak Mari ak Jezi te an Ejip lè sòlda Ewòd yo te touye tout ti bebe yo nan Betleyèm ak nan zòn alantou yo.

Matye 2: 14, 16



Lè Wa Ewòd te mouri, yon zanj te di Jozèf pou l te mennen Jezi ak Mari retounen lakay. Jozèf te mennen yo Nazarèt, kote Jezi te an sekirite.

Matye 2: 19–21, 23

CHAPIT 9

Jezi, ti gason

Jezi te grandi nan vil Nazarèt. Li te aprann anpil bagay epi li te vin “gen kont lespri li, . . . epi favè Bondye te avèk li.”

Lik 2:39–40

Lè Jezi te gen 12 an, li te ale avèk Jozèf ak Mari avèk yon gwoup moun pou yon selebrasyon nan Jerizalèm. Yo te rete la pandan plizyè jou.

Lik 2: 41–43

Lè Jozèf ak Mari te pati pou retounen lakay yo, yo te panse ke Jezi t ap retounen Nazarèt avèk kèk zanmi. Men Jezi te rete Jerizalèm.

Lik 2: 43–44



Lè Jozèf ak Mari t al chèche Jezi, yo pa t kapab jwenn ni. Okenn moun nan gwoup yo a pa t wè li. Konsa Jozèf ak Mari te retounen al Jerizalèm. Yo te chèche Jezi pandan twa jou. Yo te tris anpil.

Lik 2: 44–46

Finalman yo te jwenn Jezi nan tanp lan, ap pale avèk kèk enstriktè. Li t ap reponn kesyon yo. Enstriktè yo te etone wè tout sa Jezi te konnen.

Lik 2: 46–47 (gade referabs 46c)

Mari te di Jezi ke li menm ak Jozèf te gen kè kase akoz li menm. Jezi te reponn ke li t ap fè travay Papa li —travay Bondye Jozèf ak Mari pa t konprann.

Lik 2: 48–50

Jezi te retounen Nazarèt avèk Jozèf ak Mari epi li te obeyi yo.

Lik 2: 51

Jezi te aprann plis an plis sou travay Papa li ki nan Syèl la.

Lik 2:52

Li t ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou.

Lik 2:52

Moun yo te renmen li. Li te fè sa Bondye te vle l fè.

Lik 2:52

Bondye te renmen li.

Lik 2:52

CHAPIT 10

Jezi batize

Jan te viv nan dezè a pandan anpil ane. Li te mete rad ki te fèt avèk plim chamo, epi li te manje gato myèl ak krikèt. Moun te vini soti tout kote pou tande li ap anseye. Yo te rekonèt li kòm Jan Batis.

Matye 3: 1–5

Jan Batis te anseye moun yo sou Jezikri. Li te di yo pou yo repanti pou peche yo epi vin batize. Jan te batize moun ki te repanti pou peche yo.

Matye 3: :2–3, 5–6

Moun yo te mande Jan Batis kijan pou yo te viv pi byen. Li te di yo pou yo pataje avèk pòv yo, di laverite, epi viv byen avèk lòt moun. Li te di ke Jezikri t ap vini byen vit. Jezi t ap ba yo don Sentespri a.

Matye 3: 2, 11–12; Lik 3: 10–14

Yon jou pandan Jan Batis t ap batize moun yo nan Rivyè Jouden an, Jezikri te vin jwenn ni. Li te mande Jan pou batize li. Jan te konnen ke Jezi te toujou obeyi kòmandman Bondye yo e li pa t bezwen repanti. Jan te panse ke Jezi pa t bezwen batize.

Matye 3:13–15; 2 Nefi 31: 5–7

Men Bondye te kòmande tout moun pou yo batize, konsa Jezi te di Jan pou l batize li. Jezi te tabli yon egzanp pou nou lefèt ke l te obeyi kòmandman Bondye a pou batize a.

Matye 3: 16; 2 Nefi 31: 7–9

Lè Jezi te soti nan dlo a, Sentespri a te desann sou li. Bondye te pale apati syèl la, li te di: “Sa se pitit mwen renmen anpil la, li fè kè m kontan anpil.” Jan Batis te temwaye ke Jezi sete Pitit Gason Bondye tou.

Matye 3: 16–17; Jan 1: 33–36; Jezi, Kris la, *150*

CHAPIT 11

Jezi sibi tantasyon

Jezi te ale nan dezè a pou l te avèk Bondye. Sovè a te pale avèk Papa nou ki nan Syèl la. Li pa t manje anyen pandan 40 jou paske li t ap jene.

*Matye 4: 1–2 (gade referans 1*b *ak 2*c*); Lik 4:1–2 (gade referans 2*a*)*

Dyab la te vini epi li te tante Jezi pou l te pwouve ke li sete Pitit Bondye. Toudabò, li te di Jezi pou l te chanje kèk wòch fè yo tounen pen. Jezi te grangou, men li te konnen ke li te dwe itilize pouvwa li sèlman pou ede lòt moun. Li pa t fè sa dyab la te di a.

Matye 2–4; Jezi, Kris la, *128–29*

Apresa Sentespri a te mennen Jezi nan yon kote byen wo bò tanp lan. Dyab la te tante Jezi yon dezyèm fwa, li te di l pou l sote sou miray tanp lan. Li te di ke si Jezi sete Pitit Bondye, zanj yo pa t ap kite l tonbe. Jezi pa t sote. Li te konnen ke sa pa t ap bon pou l te itilize pouvwa sakre li yo nan fason sa a.

Matye 4:5–7 (gade referans 5a ak 6a)

Apresa Sentespri a te mennen Jezi anlè tèt yon montay. Li te montre Jezi tout wayòm yo ak tout trezò yo nan mond lan. Dyab la te di Jezi ke li ta ka gen tout bagay sa yo si l te obeyi li. Jezi te di li t ap sèlman obeyi Papa nou ki nan Syèl la. Li te di dyab la pou l al fè wout li. Dyab la te ale. Zanj te vini pou beni Jezi. Jezi te pare pou kòmanse travay li a.

Matye 4:8–11 (gade referans 8a ak 9a).

CHAPIT 12

Nòs Kana a

Jezikri ak disip li yo te ale nan resepsyon yon nòs nan Kana. Mari, manman Jezi, te la. Li te di Jezi pa t gen diven ankò pou envite yo.

Jan 2:1–3

Jezi te respekte manman li epi li te renmen li. Li te mande l kisa l te vle l fè.

Jan 2:4 (gade referans 4a)

Mari te di sèvitè yo nan nòs la pou yo fè tout sa Jezi te di yo fè.

Jan 2:5

Jezi te di sèvitè yo pou yo te ranpli sis gwo kanari avèk dlo. Chak kanari te kenbe ant 18 ak 27 galon (68 ak 102 lit). Apresa li te fè dlo a tounen diven.

Jan 2:6–7

Li te di sèvitè yo pou yo pran diven nan kanari yo epi al sèvi mèt fèt la.

Jan 2:8

Mèt fèt la te etone lè l te bwè diven an. Abityèlman yo te konn sèvi pibon diven an nan kòmansman fèt la. Men fwa sa a, yo te sèvi pibon diven an an dènye.

Jan 2:9–10

Sa se premye mirak nou konnen Jezi te fè pandan lavi li sou tè a. Li te fè l pou l te ede manman li. Li te ede fòtifye lafwa disip li yo tou.

Jan 2:11

CHAPIT 13

Jezi ak Kay Papa nou ki nan Syèl la

Jezi te ale nan tanp la nan Jerizalèm. Anpil moun te la pou fè yon sakrifis kote yo touye yon bèt epi boule li sou yon otèl. Sakrifis la te ede moun yo panse avèk Sovè a, ki t ap gen pou sakrifye tèt li kote l t ap gen pou soufri ak mouri pou yo.

Levitik 1:3–9; Jan 2:13; Moyiz 5:5–7

Gen kèk moun ki pa t gen yon bèt pou sakrifye. Moun yo te vann bèt yo nan tanp lan. Moun ki t ap vann yo te konn fè anpil kòb. Yo pa t panse avèk Bondye.

Jan 2:14



Jezi te wè moun yo ap vann bèt nan tanp lan. Li te di ke tanp lan sete kay Papa nou ki nan Syèl la, yon lye sakre. Li te di moun yo ke yo pa dwe achte ni vann bagay nan kote sa a.

Jan 2:16



Jezi te fè yon fwèt, li te chavire tab yo tèt anba, li te voye lajan yo atè, epi li te fè vandè yo ale kite tanp lan. Li pa t ap kite yo fè bagay mechan nan kay Papa nou ki nan Syèl la.

Jan 2:15–16

CHAPIT 14

Nikodèm

Nikodèm te fè pati yon gwoup Jwif yo te rele Farizyen. Li te youn nan dirijan Jwif yo tou. Anpil Farizyen pa t kwè ke Bondye te voye Jezikri. Men Nikodèm te kwè akoz mirak li wè Jezi te fè yo.

Jan 3:1–2

Nikodèm te vin pale avèk Sovè a yon jou swa. Jezi te di li ke pèsonn pa ka antre nan wayòm Bondye a si li pa fèt ankò.

Jan 3:2–3

Nikodèm pa t konprann. Kijan yon moun ka fèt ankò? Sovè a te eksplike ke li t ap pale sou bagay espirityèl. Pou yon moun fèt ankò, li dwe batize nan dlo epi resevwa Sentespri a.

Jan 3:4–7

Jezi te eksplike ke yo te voye l sou tè a pou ede nou tout retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Li te di ke li t ap gen pou soufri pou peche nou yo epi mouri sou yon kwa pou nou te kapab gen lavi etènèl.

Jan 3:12–17

Li te di ke nou bezwen kwè nan li epi chwazi bon bagay. Si nou fè bon bagay, n apral viv pou tout tan nan wayòm Bondye a.

Jan 3:18–21

CHAPIT 15

Fi bò pi a

Jezi te kite Jerizalèm pou l ale nan Galile. Li te vwayaje atravè Samari epi li te rive bò yon pi.

Jan 4:3–6

Li te fatige, epi li te chita sou rebò pi a. Yon Samaritèn te vin tire dlo. Jezi te mande l yon ti dlo pou l te bwè

Jan 4:6–7

Fi a te etone, paske Jwuif yo pa t konn pale avèk Samariten yo.

Jan 4:9

Jezi te di fi a ke li te ka ba li yon kalite dlo ki t ap fè l pa janm swaf ankò. Li te eksplike ke li sete Sovè a. Dlo li te ka ba li a sete “dlo vivan” lavi etènèl la.

Jan 4:10, 13–15, 25–26

Fi a te ale nan vil la pou l te pale anpil moun de Jezi. Yo te ale nan pi a pou yo menm tou yo te koute Jezi. Anpil nan yo te kwè pawòl li yo.

Jan 4:28–30, 39–42

CHAPIT 16

Pitit gason fonksyonè a

Yon fonksyonè nan pèp Jwif la te gen yon pitit gason ki te malad anpil. Tout moun te panse pitit gason l la ta pral mouri.

Jan 4:46–47

Mesye a te kite pitit gason l la lakay epi li te vwayaje sou plizyè kilomèt al nan vil Kana a. Li te jwenn Jezi.

Jan 4:47

Mesye a te mande Sovè apou l te vini pou l geri pitit gason l la. Jezi te di li ke pitit gason l la t ap geri. Mesye a te kwè Jezi, epi li te derape retounen lakay li.

Jan 4:47–50

Sèvitè l yo te vin rankontre li. Yo te di l ke pitit gason l lan te kòmanse refè epi li t ap viv. Li te mande yo kilè pitit gason an te kòmanse refè. Yo te di li. Sete nan menm moman Jezi te di li pitit gason l lan t ap geri a.

Jan 4:51–53

Mesye a te konnen ke Jezikri te geri pitit li a. Li menm ak fanmi li te kwè nan Sovè a.

Jan 4:53

CHAPIT 17

Moun fache nan Nazarèt

Jezi te ale Nazarèt, vil kote l te grandi a.

Lik 4:16



Jezi te ale nan yon sinagòg, yon bilding kote Jwif yo ale legliz. Li te kanpe ap li ekriti yo. Li te li pawòl pwofèt Ezayi yo. Ezayi te di ke Sovè a t ap vin sou tè a pou ede tout moun.

Lik 4:16–19

Lè Jezi te fèmen ekriti yo epi li te chita, tout moun te gen je yo fikse sou li.

Lik 4:20

Jezi te di ke pawòl Ezayi yo sete konsènan li menm—ke li sete Sovè a. Moun yo te etone poutèt pawòl li yo. Yo te di: “Se pa pitit Jozèf la sa?” Yo pa t kwè ke Jezi sete Pitit Bondye a.

Lik 4: 21–22

Sovè a te konnen sa yo t ap panse. Yo te vle li fè yon mirak. Men Jezi te di yo ke li pa t ap fè mirak pou yo paske yo pa t gen lafwa nan li.

Lik 4:23–27

Sa te fè moun yo fache. Yo te trennen Jezi sou tèt yon mòn epi yo te pare ppou te jete l anba nan falèz la .

Lik 4:28–29

Jezi te chape anba yo, epi li t ale nan yon lòt vil.

Lik 4:30–31

CHAPIT 18

Jezi chwazi apot li yo

Yon jou Jezi te anseye moun yo pandan l te nan yon kannòt bò rivaj Lanmè Galile a. Kannòt la sete pou yon mesye yo te rele Pyè.

Lik 5:1–3

Pyè ak zanmi l yo te peche tout nuit la san yo pa t kenbe yon pwason. Lè Jezi te fin anseye, li te di Pyè pou l te vanse yon ti kras nan fon. Apresa li te di Pyè ak zanmi l yo pou yo te lage nas yo nan dlo a.

Lik 5:4–5

Yo te pran sitèlman pwason ke nas yo te kòmanse chire.

Lik 5:6

Pyè te fè asosye l yo ki te nan lòt kannòt la siy pou vin ede yo. De kannòt yo te sitèlman plen pwason ke yo te prèt pou koule.

Lik 5:7

Pyè ak zanmi l yo te pran sezisman. Yo te konnen sete Jezikri ki te fè bagay sa a rive.

Lik 5:8–9

Pyè te mete ajenou nan pye Sovè a. Li te di ke li pa t diy pou rete toupre Jezi. Jezi te di Pyè li pa bezwen pè.

Lik 5:8–10

De zanmi Pyè yo, Jak ak Jan, sete frè yo te ye. Jezi te di Pyè, Jak, ak Jan pou yo suiv li pou yo ka vin “pechè moun.” Mesye yo te kite tout babay yo te genyen epi yo t ale avèk Jezi. Sovè a te rele lòt moun pou suiv li tou.

Matye 4:18–22; 9:9; Lik 5:10–11; Jan 1:35–51

Jezi te chwazi douz Apot pou dirije Legliz li a. Li te priye tout lannuit pou l te kapab chwazi moun egzak yo. Nan demen maten li te chwazi epi òdone douz mesye, li te bayo Prètriz la ak otorite pou yo te ka Apot.

Mak 3:14; Lik 6:12–16; Jan 15:16

Apot yo te vwayaje ale nan anpil kote. Yo te anseye levanjil la e geri moun yo. Yo te retounen al di Jezi kisa yo te fè.

Mak 6:30; Lik 9:1–6, 10

CHAPIT 19

Diskou sou mòn nan

Yon jou Jezi te anseye disip li yo levanjil la sou yon mòn bò Lanmè Galile a.

Matye 5:1

Li te di yo kijan pou yo te viv pou yo te ka gen kè kontan ak kijan pou y al viv ak Papa nou ki nan Syèl la ankò. Bagay li te anseye yo kapab fè nou gen kè kontan tou.

Matye 5–7

Jezi te di nou dwe janti, pasyan, ak dispoze pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la.

Matye 5:5

Nou dwe eseye otan nou kapab pou nou viv jan Bondye vle.

Matye 5:6

Nou dwe eseye padone moun ki blese nou oubyen ki fè nou ditò. Si nou padone yo, Papa nou ki nan Syèl la ap padone nou.

Matye 5:7

Nou dwe patizan lapè, renmen lòt moun, epi ede tout moun pou youn renmen lòt.

Matye 5:9

Nou pa dwe pè pale moun de levanjil la oubyen montre yo ke nou renmen Papa nou ki nan Syèl la. Lè lòt moun wè nou ap fè byen, sa ap ede yo kwè nan Bondye tou.

Matye 5:14–16

Nou dwe toujou kenbe pwomès nou.

Matye 5:33–37

Epi menmjan nou vle lòt moun bon avèk nou an, nou dwe bon avèk yo tou.

Matye 7:12

JEzi te di si nou fè bagay sa yo, n ap gen kè kontan, Papa nou ki nan Syèl la ap beni nou, epi na pral viv avèk li ankò.

Matye 5:2–12

CHAPIT 20

Jezi anseye sou lapriyè

Jezi te anseye disip li yo kijan pou yo lapriyè. Li te di ke gen moun ki priye sèlman pou lòt moun ka wè yo ap lapriyè. Jezi te anseye ke nou dwe fè priyè pèsonèl nou kote nou kapab poukont nou, si posib.

Matye 6:5–6

Li te di ke gen moun ki repete menm pawòl yo san rete lè y ap priye. Yo pa reyèlman ap panse sou sa y ap di a. Jezi te di ke nou dwe priye sensèman pou sa nou bezwen.

Matye 6:7–8



Sovè a te fè yon priyè pou montre disip li yo kijan pou yo priye. Li te kòmanse di: “Papa nou . . . ki nan Syèl la.” Li te louwe Papa nou ki nan Syèl la epi li te mande l èd. Li te di “amèn” nan fen priyè l la. Nan apre, Jezi te di disip li yo pou yo priye Papa a nan non li. Li te pwomèt ke Papa nou ki nan Syèl la ap reponn priyè yo.

Matye 6:9–13; 21:22; Jan 16:23

CHAPIT 21

Jezi kòmande van yo ak lanm lanmè yo

Jezi ak disip li yo te nan yon kannòt sou Lanmè Galile a. Dòmi te pran Jezi. Van an te kòmanse vante byen fò, epi lanm lanmè yo te plen kannòt la ak dlo. Disip yo te pè pou yo pa t koule. Yo te reveye Jezi epi yo te mande l èd.

Lik 8:22–24

Sovè a te kòmande van an pou l sispann soufle ak lanm lanmè yo pou yo bese. Van an te sispann, epi lanmè a te vin kalme.

Lik 8:24

Jezi te mande disip yo poukisa yo te pè. Li te di ke yo ta dwe gen plis lafwa. Yo t ap mande tèt yo ki kalite moun li ye paske li te ka kòmande menm van an ak lanmè a.

Mak 4:40; Lik 8:25

CHAPIT 22

Mesye ki te gen movèzespri yo

Yon mesye ki te viv nan yon simityè bò Lanmè Galile ki te gen yon movèzespri nan li a te fè l aji sovaj. Moun yo te mare li avèk chenn pou kontwole li, men li te kase chenn yo.

Mak 5:1–4

Mesye a te pase tout lajounen ak tout lannuit nan mòn yo ak tonm yo. Li te konn bay gwo rèl tout tan epi blese tèt li avèk wòch.

Mak 5:5

Yon jou Jezi ak disip li yo te travèse Lanmè Galile a sou yon kannòt. Lè Sovè a te desann kannòt la, mesye a te kouri vin jwenn ni.

Mak 5:1–2, 6

Jezi te di movèzespri a pou l te sòti nan mesye a. Movèzespri a te konnen Jezi sete Pitit Bondye. Li te mande Jezi pou l pa t fè l soufri.

Mak 5:7–8

Lè Sovè a te mande movèzespri a kijan l te rele, li te di: “Yo rele m Rejiman” ki vle di anpil. Anpil movèzespri te nan mesye a. Yo te mande Jezi pou l te kite yo antre nan kò kèk kochon ki te tou pre.

Mak 5:9–12

Jezi te dakò. Movèzespri yo te soti kite mesye a epi yo t al nan kò prèske 2.000 kochon. Kochon yo te pran degrengole desann al nwaye tèt yo nan lanmè.

Mak 5:13

Mesye ki t ap gade kochon yo te kouri al gaye nouvèl la nan lavil kou andeyò. Moun te vini soti toupatou pou wè Jezi ak mesye ki te gen movèzespri a. Men mesye a pa t gen movèzespri sou li ankò.

Mak 5:14–15

Sa te fè moun yo pè Jezi. Yo te mande l pou l te kite peyi a. Li te retounen sou bato a.

Mak 5:15–18

Mesye ki te geri a te vle ale avèk li. Sovè a te di li pou l te retounen lakay li pito pou l t al di zanmi l yo sa k te rive li.

Mak 5:18–19

Mesye a te di zanmi l yo, epi yo te sezi wè gwo pouvwa Jezi.

Mak 5:20

CHAPIT 23

Mesye ki te paralize a

Yon jou Jezi t ap anseye yon gwoup moun nan yon kay.

Lik 5:17



Kèk gason te vin ap pote yon zanmi yo kouche sou yon kabann pou wè Jezi. Zanmi an pa t ka mache. Mesye yo pa t ka fè l antre nan kay la akoz foul moun yo.

Lik 5:18–19

Mesye yo te monte zanmi yo a sou do kay la. Yo te retire yon pati nan twati kay la pou yo te file zanmi yo a desann nan kay la.

Mak 2:4; Lik 5:19

Lè l te wè gwo lafwa mesye sa yo, Jezi te di mesye ki te malad la ke peche li te padone. Li te di l pou pran kabann ni epi retounen lakay li. Mesye a te leve kanpe. Li te geri. Li te ranmase kabann ni epi li te mache al lakay li. Li te fè lwanj pou Bondye.

Lik 5:20, 24–25

CHAPIT 24

Pitit fi Jayiris la leve soti anba lanmò

Yon jou Jayiris, youn nan chèf sinagòg yo, te lage kò l nan pye Sovè a.

Mak 5:21–22

Jayiris te di ke pitit fi li a ki te gen douzan te prèt pou mouri. Li te sipliye Jezi pou l t al beni li. Li te gen konfyans ke Jezi te ka fè l refè.

Mak 5:23, 42

Jezi te derape pou al lakay Jayiris, men li te fè yon rete pou l te geri yon fi. Pandan l t ap pale avèk fi a, yon moun te vin di Jayiris ke li te twò ta —pitit fi l la te mouri.

Mak 5:24–35

Jezi te tande sa l te di. Li te di Jayiris pou l pa t pè men mete konfyans nan li.

Mak 5:36

Apresa Jezi te ale avèk Jayiris lakay li. Kay la te gen yon bann moun ki t ap kriye paske tifi a te mouri.

Mak 5:37–38

Jezi te di yo tifi a pa t mouri men se dòmi l t ap dòmi. Moun yo te pase l nan betiz. Yo te si ke tifi a te mouri.

Mak 5:39–40



Sovè a te mande tout moun pou yo te sòti ekespete disip li yo, Jayiris, ak madanm Jayiris. Yo te sòti nan chanm nan kote tifi a te ye a.

Mak 5:40

Jezi te pran men li. Li te di l pou l leve. Li te leve epi li te pran mache. Paran li te sezi. Jezi te di yo pou yo pa t kite pèsonn konnen sa k te rive a. Apresa li te di paran yo pou yo bay tifi a manje.

Mak 5:41–43

CHAPIT 25

Yon fi manyen rad Jezi

Yon fi te malad anpil pandan 12 ane. Li te wè anpil doktè, men yo pa t kapab ede li.

Mak 5:25–26



Yon jou li te wè Jezi antoure pa yon foul moun. Li te kwè ke li t ap geri si l te ka manyen ke rad li sèlman. Li te fofile kò l nan foul la epi li te manyen rad li.

Matye 9:20–22; Mak 5:27–28

Li te geri imedyatman. Jezi te vire gade epi li te mande: “Kimoun ki touche rad mwen an?”

Mak 5:29–30

Fi a te pè. Li te mete ajenou devan Sovè a epi li te di sete li menm ki te manyen li. Jezi te di li ka lafwa l nan li te fè l geri.

Mak 5:33–34

CHAPIT 26

Jezi padone yon fi

Yon Farizyen te mande Sovè a pou vin lakay li pou manje avèk li.

Like 7:36

Yon fi ki te fè anpil peche t ap viv nan vil la. Li te konnen ke Jezi t ap manje kay Farizyen an. Li te anvi fè yon bagay espesyal pou Jezi.

Lik 7:37

Li te mete ajenou epi li te lave pye Sovè a avèk dlo nan je li. Apresa li te siye pye li avèk cheve li epi li te bo yo. Li te vide pafen sou yo tou. Farizyen an te konnen fi a te fè anpil bagay ki pa t bon. Li te di nan kè li ke Jezi pa t dwe kite fi a manyen li.

Lik 7:38–39

Sovè a te konnen sa Farizyen an t ap panse. Li te di Farizyen an ke fi a te fè plis pou pran swen li pase Farizyen an te fè. Farizyen an pa t bay Jezi dlo pou lave pye li ni vide luil sou tèt li, jan yo souvan fè pou envite yo.

Lik 7:44–46



Jezi te di Farizyen an ke peche fi a te padone paske li te renmen Sovè a epi li te gen lafwa nan li. Jezi te di fi a pou l te ale anpè.

Lik 7:47–50; Doktrin ak Alyans 58:42–43; Jezi, Kris la, *262–63*

CHAPIT 27

Fè travay papa li sou tè a

Jou fèt Jwif la, Sovè a te ale nan nan basen dlo yo te rele Betzata a nan Jerizalèm. Moun yo te panse ke lè dlo nan basen an te brase, premye moun ki te desann nan dlo a t ap geri.

Jan 5:1–4

Jezi te wè yon mesye bò basen an ki pa t kapab mache depi 38 ane. Sete jou Saba. Jezi te mande mesye a si l te vle geri. Mesye a te di li pa t ap kapab geri paske li pa t janm ka desann nan dlo a anpremye.

Jan 5:5–7

Jezi te di mesye a: “Leve, pran kabann ou, epi mache w ale.” Mesye a te geri imedyatman.

Jan 5:8–9

Anpil Juif te panse ke sete yon peche pou fè mirak jou Saba a. Yo te vle touye Jezi.

Jan 5:10–16

Jezi te reponn ke li te fè sèlman sa Papa l ta fè nan jou Saba a.

Jan 5:17

CHAPIT 28

Jezi bay senk mil moun manje

Kèk zanmi Jan Batis te di Jezi ke wa a te touye Jan.

Matye 14:1–12

Lè Jezi te tande sa, li te ale nan yon zòn tou pre Lanmè Galile a pou l te ka poukont li. Anpil moun te vin konnen li te la. Plis pase 5.000 moun te suiv li an esperan ke li t ap anseye yo.

Matye 14:13; Mak 6:44

Jezi te anseye yo anpil bagay. Li te lè pou manje, men pifò nan moun yo pa t gen manje. Disip yo te vle Jezi voye moun yo ale nan vilaj ki te pi pre yo pou al achte manje.

Mak 6:34–36

Jezi te di disip yo al al chèche konnen si gen moun ki te pote manje. Yo te jwenn yon tigason ki te gen senk pen ak de ti pwason.

Mak 6:37–38; Jan 6:9

Jezi te di tout moun yo pou yo chita. Li te beni pen an ak pwason an epi li te kase manje a an timoso.

Mak 6:39–41

Disip yo te bay moun yo manje. Te gen plis pase ase pou tout moun.

Mak 6:41–44

CHAPIT 29

Jezi mache sou dlo a

Apre l te fin bay 5.000 moun yo manje, Jezi te monte sou yon ti mòn pou l priye. Disip li yo te monte sou yon kannòt pou travèse Lanmè Galile a. Lè lannuit te rive, van te kòmanse soufle, epi vag lanmè yo te vin wo.

Matye 14:22–24

Byen ta nan nuit la, Jezi te vin jwenn disip li yo. Li t ap mache sou dlo a pou l te vin nan kannòt la.

Matye 14:25

Disip yo te wè li ap mache sou dlo a. Yo te pè. Yo te panse li sete yon espri. Jezi te di yo: “Se mwen menm, nou pa bezwen pè.”

Matye 14:26–27

Pyè te anvi mache sou dlo a tou. Jezi te di Pyè pou vin jwenn ni. Pyè te desann kannòt la. Li te kòmanse mache sou dlo a pou al jwenn Sovè a.

Matye 14:28–29

Paske van an t ap vante byen fò, Pyè te vin pè. Li te kòmanse koule nan dlo a epi li te pran rele pou Jezi vin sove li.

Matye 14:30

Sovè a te pran men Pyè. Li te mande Pyè poukisa li pa t gen plis lafwa.

Matye 14:31

Lè Jezi ak Pyè te retounen nan kannòt la, van an te rete. Tout disip yo te adore Senyè a. Yo te konnen ke li sete Pitit Bondye vre.

Matye 14:32–33

CHAPIT 30

Pen lavi a

Nan demen anpil moun te eseye jwenn Jezi. Yo te suiv li al Kapènaròm nan kannòt.

Jan 6:22, 24

Jezi te konnen ke yo te anvi pou l ba yo manje ankò.

Jan 6:26

Jezi te anseye yo ke pen te ka kenbe yo vivan pou sèlman yon ti bout tan. Li te di ke te gen yon lòt kalite pen yo ta dwe chèche —Pen ki bay lavi a. Li te di yo ke li sete Pen ki bay lavi a.

Jan 6:27, 32–35

Jezi te anseye moun yo ke li t ap sakrifye lavi li pou yo. Li te di ke si yo suiv li epi kwè nan li, y ap gen lavi ki pa p janm fini an.

Jan 6:47–51

CHAPIT 31

Jezi geri yon moun soud



Kèk moun te mennen yon mesye bay Jezi. Mesye a te soud epi li pa t ka pale byen. Moun yo te vle Sovè a geri li.

Mak 7:32

Jezi te fè mesye soti nan mitan lòt moun yo. Li te mete dwèt li nan zòrèy mesye a. Li te touche lang mesye a epi li te beni li.

Mak 7:33–34

Kounyeya mesye a te ka tande ak pale. Moun yo te ka konprann ni. Jezi te mande moun yo pou yo pa di okenn moun sa k te rive a, men yo te di tout moun.

Mak 7:35–36

CHAPIT 32

Pyè temwaye de Kris la

Jezi te mande disip li yo kimoun yo di li te ye.

Matye 16:13; Mak 8:27; Lik 9:18

Disip yo te reponn ke gen moun ki te panse Jezi sete Jan Batis. Gen lòt moun ki te panse li sete yon pwofèt Ansyen Testaman an ki te retounen soti anba lanmò.

Matye 16:14; Mak 8:28; Lik 9:19

Jezi te mande disip li yo kimoun yo te panse li te ye. Pyè te di: “Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.”

Matye 16:15–16; Mak 8:29; Lik 9:20

Jezi te eksplike ke temwayaj Pyè a se pa t moun ki te fè l konnen l. Temwayaj li a te vini pa revelasyon Bondye.

Matye 16:17



Jezi te pwomèt Pyè ke li t ap bali Prètriz la ak otorite pou dirije Legliz li a. Lè sa a Pyè ak disip li yo t ap gen otorite pou dirije Legliz Jezi a sou tè a.

Matye 16:18–19

Jezi te di disip li yo pou yo pa di pèsonn ke li sete Kris la. Toudabò li ta pral soufri, yo ta pral touye li, epi li apral resisite soti anba lanmò nan twazyèm jou a.

Matye 16:20; Mak 8: 30–31; Lik 9:21–22

CHAPIT 33

Aparisyon an glwa: Transfigirasyon an

Jezi te pran Pyè, Jak, ak Jan mennen yo sou tèt yon mòn byen wo.

Matye 17:1; Mak 9:2; Lik 9:28

Pandan Jezi t ap priye, glwa Bondye te desann sou li. Figi li te vin klere tankou solèy la De pwofèt Ansyen Testaman yo te rele Moyiz ak Eli te parèt. Yo te pale avèk li sou lanmò li ak rezirèksyon li ki te gen pou vini an.

Matye 17:2–3; Mak 9:3–4; Lik 9:29–31 (gade referans 31a)

Pandan Jezi t ap priye, dòmi te pran Apot yo.

Lik 9:32

Lè yo te reveye, yo te wè glwa Jezikri, Moyiz, ak Eli. Yo te tande vwa Papa nou ki nan Syèl la temwaye: “Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil. Koute li.”

Matye 17:5; Mak 9:7; Lik 9:32, 35

Apot yo te pè epi yo te tonbe atè. Jezi te touche yo epi li te di yo pou yo pa pè. Lè yo te gade, mesaje selès yo te ale. Jezi te di Apot yo pou yo pa di pèsonn sa yo te wè a jiskaske li fin mouri ak resisite.

Matye 17:6–9; Mak 9:8–9

CHAPIT 34

Tigason ki te gen movèzespri a

Yon jou yon mesye te mande Sovè a pou ede pitit gason li. Tigason an te gen yon movèzespri nan li. Disip yo te deja eseye geri pitit gason l lan, men yo pa t kapab.

Mak 9:14–18

Jezi te mande mesye a pou mennen pitit gason an ba li. Lè tigason an te vini, movèzespri a te fè l tonbe atè.

Mak 9:19–20

Sovè a te mande konbyen tan movèzespri a te nan kò tigason an. Papa a te di ke l te la depi l te piti.

Mak 9:21



Jezi te di ke li te ka geri tigason an si papa a te gen lafwa. Papa a te kòmanse kriye. Li te di ke li te gen lafwa. Men li te mande Jezi pou ede l vin gen pi plis lafwa.

Mak 9:23–24

Jezi te kòmande movèzespri a pou l te sòti nan kò tigason an epi pou l pa janm retounen ankò. Movèzespri a te fache. Li te maltrete tigason ankò. Apresa li te obeyi Jezi epi li te ale.

Mak 9:25–26

Tigason an te sitèlman trankil ke anpil moun te panse ke l te mouri. Men Jezi te pran men li epi li te ede l kanpe. Tigason an te geri. Movèzespri a te ale.

Mak 9:26–27

Nan apre disip yo te mande Jezi poukisa yo pa t kapab fè movèzespri a ale kite tigason an. Jezi te di yo ke pafwa yo bezwen jene ak priye pou yon kapab geri yon moun.

Matye 17:20–21; Mak 9:28–29

CHAPIT 35

Bon Samariten an

Jezi te rakonte anpil istwa, oswa parabòl, pou l te ede moun yo aprann laverite.

Yon jou yon dirijan Jwif yo te mande Jezi kisa pou l te fè pou l te gen lavi etènèl. Sovè a te mande li kisa ekriti yo te di. Dirijan an te di ke yon moun dwe renmen Bondye epi renmen pwochen li tou. Jezi te di se byen. Apresa dirijan an te mande: “Kiyès ki pwochen mwen?”

Lik 10:25–29

Jezi te reponn avèk yon istwa ke l te rakonte mesye a. Yon jou yon mesye Juif t ap mache sou wout pou ale nan vil Jeriko a. Vòlè te atake li epi yo te bat li. Yo te kite mesye a sou wout la, prèske pou mouri.

Lik 10:30

Byen vit yon prêt Juif te vin pase epi li te wè mesye a. Prèt la te pase sou lòtbò wout la. Li pa t ede mesye a.

Lik 10:31

Yon lòt Juif ki t ap travay nan tanp te vin pase. Li te wè mesye blese a. Men li pa t ede l non plis epi li te travèse sou lòtbò wout la.

Lik 10:32

Apresa yon Samariten te vin pase. Juif yo ak Samariten yo pa t zanmi. Men lè Samariten an te wè mesye yo, li te santi kè l fè l mal. Li te pran swen blesi mesye a epi li te mete rad sou li.

Lik 10:33–34; Jan 4:9; Diksyonè Bib, "Samariten" 768

Samariten an te mennen mesye a nan yon otèl epi li te pran swen li jiska demen. Lè Samariten an te gen pou l ale, li te bay mèt otèl la lajan epi li te di l pou l pran swen mesye a.

Lik 10:34–35

Lè Jezi te fin rakonte istwa sa a, li te mande dirijan Juif la kiyès nan twa mesye yo ki te pwochen mesye blese a.

Lik 10:36

Dirijan an sete yon Samariten an paske li te ede mesye a. Jezi te di dirijan Jwif la pou l t al fè tankou Samariten an.

Lik 10:37

CHAPIT 36

Jezi rakonte twa parabòl

Yon jou Jezi t ap manje ak pale avèk moun ke anpil moun te panse ki te pechè. Gen kèk Farizyen ki te wè li.

Lik 15:1–2

Farizyen yo te kwè ke bon moun pa ta dwe pale avèk pechè. Yo te panse ke Jezi pa t yon bon moun paske li t ap pale avèk move moun.

Lik 15:2

Sovè a te vle ede Farizyen yo konprann poukisa li te avèk pechè yo. Li te rakonte yo twa parabòl. Premye a sete osijè yon brebi pèdi.

Lik 15:3; Ansèyman Pwofèt Joseph Smith, *277*

PREMYE PARABÒL LA

Mouton ki te pèdi a

Yon bon bèje te gen 100 mouton. Youn nan yo te pèdi.

Lik 15:4

Bèje a te kite 99 mouton yo pou l t al chèche sa k te pèdi a. Lè l te jwenn ni, li te kontan anpil.

Lik 15:4–5

Bèje a te mennen mouton an retounen lakay. Li te rele tout zanmi li ak vwazen li pou vin fete avèk li. Li te jwenn brebi pèdi a.

Lik 15:5–6

Jezikri te di Farizyen yo sa parabòl la te vle di. Li te di ke moun ki peche yo tankou brebi pèdi.

Lik 15:7

Menmjan bèje a te vle sove brebi pèdi a, Jezi vle sove moun ki peche yo.

Mak 2:17



Jezi te di ke sete poutèt sa li t ap pale avèk pechè yo.

Matye 18:11 (gade referans 11c); Mak 2:17

Epi menmjan bèje a te kontan anpil la lè l te jwenn mouton ki te pèdi a, se konsa Jezi kontan anpil tou lè nou repanti.

Lik 15:6–7

DEZYÈM PARABÒL LA

Pyès lajan ki te pèdi a

Yon fi te gen 10 pyès lajan. Li te pèdi youn ladan yo. Li te chèche nan tout kwen kay la.

Lik 15:8

Finalman li te jwenn pyès lajan an. Li te kontan anpil. Li te rele zanmi li ak vwazen li pou l te di yo sa. Yo menm tou yo te kontan dèske l te jwenn pyès lajan ki te pèdi a.

Lik 15:9

Dirijan legliz yo ak manm yo se tankou fi a nan istwa a; pyès lajan pèdi a se tankou yon manm Legliz la ki pa ale legliz oubyen ki pa respekte kòmandman yo ankò. Se kòmsi yo pèdi pou legliz la. Jezikri vle manm Legliz yo jwenn tout frè ak sè ki pèdi epi ede yo retounen vin jwenn ni. Li kontan anpil lè sa rive.

Jezikri, *455–56*

Zanmi yo ak vwazen yo nan istwa a se tankou zanj Bondye yo. Zanj yo kontan anpil lè yon moun repanti.

Lik 15:10

TWAZYÈM PARABÒL LA

Pitit gason ki te pèdi a

Yon mesye te gen de pitit gason. Mesye a te pwomèt yo ke y ap gen tout lajan li lè l mouri. Pi piti a te di li pa t vle tann. Li te mande papa l pati pa l la nan lajan an. Papa a te ba li l.

Lik 15:11–12

Tigason an te pran lajan an epi li te kite kay la. Li t al nan yon lòt peyi. Li te lage kò l nan banbòch. Li te gaspiye tout lajan an.

Lik 15:13

Finalman li te vin pa t gen lajan menm pou l te achte manje. Li te grangou anpil. Li te mande yon mesye pou ede li. Mesye a te voye l al gade kochon l yo.

Lik 15:14–15



Tigason an te sitèlman grangou ke l te anvi manje manje kochon yo. Li te konnen ke sèvitè kay papa l yo te gen pi bon manje pou yo manje pase li menm.

Lik 15:16–17

Li te deside pou l repanti epi mande pou l vin yon sèvitè nan kay papa l la. Lè l te retounen lakay, papa l te wè l ap vini.

Lik 15:18–20

Papa a te kouri al rankontre pitit gason l lan. Li te pase men nan kou li epi l te bo li.

Lik 15:20

Pitit gason an te di papa a ke l te peche. Li te santi
li pa t diy pou papa l konsidere l kòm pitit ankò.

Lik 15:21

Papa a te di yon sèvitè pou pote pi bon rad yo pou mete sou pitit gason l lan. Sèvitè a te mete soulye nan pye tigason an ak yon bag nan dwèt li.

Lik 15:22



Papa a te di sèvitè a pou prepare yon festen. Li te vle pou tout moun selebre. Tigason ki te peche a te repanti epi li te retounen lakay.

Lik 15:23–24



Piti gason ki te pi gran an t ap travay nan jaden an. Lè l te retounen lakay, li te tande mizik ak danse. Yon sèvitè te di li ke ti frè l la te retounen lakay. Papa l te vle tout moun selebre.

Lik 15:25–27

Pi gran gason an te fache epi li pa t vle antre nan kay la. Papa l te sòti vin pale avèk li.

Lik 15:20

Papa a te rekonesan dèske pi gran pitit gason an te toujou rete avèk li. Tout sa papa a te genyen sete pou li. Papa a te di ke sete dwa l pou l te fete tou. Li te kontan dèske pi piti gason l lan te repanti epi l te retounen lakay.

Lik 15:31–32

Jezi te rakonte Farizyen yo twa parabòl yo paske li te vle yo konnen konbyen Papa nou ki nan Syèl la renmen chak moun. Li renmen moun ki obeyi li. Li renmen moun ki peche yo tou, men Papa nou ki nan Syèl la pa kapab beni yo si yo pa repanti. Li vle moun ki peche yo repanti epi vin jwenn ni. Epi li vle nou ede yo fè sa epi pou nou kontan lè yo retounen.

Jan 3:16–17

CHAPIT 37

Dis lepre yo

Jezi te ale nan yon ti vil kote li te wè dis lepre. Lepre se moun ki malad. Maladi yo te lakoz yo gen gwo maleng terib sou tout kò yo.

Lik 17:12

Doktè yo pa t ka ede moun ki te gen lèp yo. Tout moun te pè al bò kote yo. Yo pa t vle pou yo te vin malad tou.

Lik 17:12

Lepre yo te mande Jezi pou geri yo. Yo te konnen li te ka geri maleng yo.

Lik 17:13

Jezi te vle yo geri. Li te di yo pou yo ale al fè prèt yo wè yo.

Lik 17:14

Sou wout yo pou al wè prèt yo, dis lepre yo te geri. Maleng yo te geri.

Lik 17:14

Youn nan lepre yo te konnen ke Jezi te geri yo. Li te retounen al jwenn ni. Jezi te mande ki kote lòt nèf lepre yo te ye. Yo pa t retounen. Jezi te di lepre a ki te vin remèsye la la se lafwa li ki te fè l geri.

Lik 17:15–19

CHAPIT 38

Farizyen an ak Pibliken an

Yon jou Sovè a t ap pale avèk kèk moun ki te panse ke yo te pi fidèl pase tout lòt moun. Jezi te rakonte yo yon istwa.

Lik 18:9

De mesye te ale nan tanp lan pou priye. Youn sete yon Farizyen. Lòt la sete yon pibliken, yon pèseptè kontribisyon. Moun yo pa t renmen pèseptè kontribisyon. Yo te panse ke yo pa t moun onèt.

Lik 18:10

Farizyen an te kanpe devan lòt moun yo pou l priye. Li te di Bondye mèsi dèske li te pi bon pase tout lòt moun. Li te di ke li jene defwa pa semèn epi li peye dim ni. Pibliken an te kanpe poukont li, li te bese tèt li, epi li te priye: “Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche.”

Lik 18:11–13

Farizyen an te panse ke li te pafè e li pa t bezwen èd Bondye. Men pibliken an te konnen ki li pa t pafè epi li te bezwen èd Bondye. Li te gen imilite epi li te mande Bondye pou padone li.

Lik 18:14

Jezi te di moun yo ta dwe tankou pibliken an. Yo pa dwe panse ke yo pi bon pase tout lòt moun. Yo dwe repanti pou peche yo epi mande Bondye pou padone yo.

Lik 18:14

CHAPIT 39

Jezi geri yon moun avèg



Yon jou Jezi t ap mache avèk disip li yo. Yo te wè yon mesye ki te ne avèg. Disip yo te mande si mesye a te avèg paske li te peche oubyen paske paran li te peche.

Jan 9:1–2

Sovè a te di ke se pa t ni paran yo ni mesye a ki te peche. Mesye a te avèg poutèt pou Jezi te ka geri li pou montre moun yo pouvwa Bondye.

Jan 9:3–5

Jezi te fè labou avèk tè a. Li te pase l sou je mesye avèg la. Jezi te di mesye a pou l t al lave je li.

Jan 9:6–7

Osito ke mesye a te fin lave je li retire labou a, li te wè!

Jan 9:7

Lè vwazen l yo te wè li, yo pa t si ke sete li menm. Li te di yo ke Jezi te geri li. Vwazen yo te mennen mesye a al jwenn Farizyen yo. Mesye a te di Farizyen yo ke Jezi te geri li.

Jan 9:8–11

Gen kèk Farizyen ki te panse ke Jezi sete petèt yon moun jis. Gen lòt ki te panse ke li sete yon pechè. Lè mesye a te di Jezi sete yon moun jis, gen kèk Farizyen ki te fache epi yo te mete l deyò.

Jan 9:13–16, 30–34

Jezi te rankontre avèk mesye a. Li te mande mesye a si li te kwè nan Pitit Gason Bondye a. Mesye a te mande kiyès Pitit Bondye a te ye. Jezi te di li ke li sete Pitit Gason Bondye a, epi mesye a te adore li.

Jan 9:35–38

CHAPIT 40

Bon Bèje a

Yon bèje se yon moun k ap gade mouton. Li ede yo jwenn manje ak dlo. Li pa kite moun blese yo ni li pa kite yo pèdi. Li konnen yo epi li renmen yo epi li gen dwa bay lavi li pou sove yo.

Jan 10:11–15

Jezikri rele tèt li Bon Bèje. Li se bèje nou. Nou se mouton li. Li renmen nou. Li ede nou aprann laverite. Li anseye nou kijan pou n viv pou n kapab retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Li te bay lavi li pou nou.

Jan 10:11–15

Sovè a te di moun nan Jerizalèm yo ke li te gen lòt mouton. Li te di ke li t ap gen pou vizite lòt mouton sa yo. Moun yo pa t konprann.

Jan 10:16; 3 Nefi 15:21–22, 24



Apre Jezi te fin resisite, li te vizite mouton l yo nan Amerik yo. Liv Mòmon an pale sou vizit li te fè nan kote sa a. Jezi te rete plizyè jou, ap geri malad ak beni moun yo. Li te bayo Prètriz la epi li te òganize legliz li a. Jezi te anseye moun sa yo menm bagay li te anseye moun nan Jerizalèm yo.

3 Nefi 11–28

CHAPIT 41

Jezi beni timoun yo

Jezi te ale Jerizalèm. Sou wout la gen kèk moun ki te anvi Jezi beni pitit yo. Disip yo te di moun yo pou yo pa t deranje Jezi.

Mak 10:13

Men Jezikri renmen timoun yo. Li te di disip yo pou yo te kite timoun yo vin jwenn ni. Jezi te di disip yo ke yo dwe tankou timoun piti tou. Lè sa a y ap kapab viv avèk Bondye nan syèl la.

Mak 10:14–15

CHAPIT 42

Jenòm rich la

Yon jou yon jenòm rich te vin jwenn Jezi epi li te mande li kisa pou l te fè pou l te ka ale nan syèl.

Mak 10:17

Sovè a te di li pou l renmen ak onore papa l ak manman li epi pa touye moun ni pa vòlè ni bay manti. Jenòm rich la te di ke li te toujou obeyi kòmandman yo.

Mak 10:19–20

Jezi te di jenòm nan ke li te bezwen fè yon lòt bagay ankò. Li te bezwen vann tout sa l te genyen epi bay pòv yo lajan an. Apresa jenòm nan ta dwe suiv li.

Mak 10:21

Jenòm rich la pa t vle abandone tout sa l te genyen. Li te renmen sa l te posede yo plis pase li te renmen Bondye. Jenòm nan te ale byen tris.

Mak 10:22

Sovè a te di disip li yo ke li difisil pou moun ki renmen richès ale nan syèl la. Disip yo pa t konprann. Yo te mande kimoun ki ka viv avèk Bondye. Jezi te di ke moun ki gen konfyans nan Bondye epi ki renmen li plis pase tout lòt bagay kapab viv avèk li nan syèl la.

Mak 10:23–30 (gade referans 27a)

CHAPIT 43

Jezi fè Laza retounen vivan ankò

Yon mesye ki te rele Laza t ap viv nan Betani avèk sè li Mari ak Mat. Jezi te renmen Laza ak sè l yo, e yo te renmen Jezi tou.

Jan 11:1–2, 5

Laza te vin malad anpil. Sovè a te nan yon lòt vil. Mari ak Mat te voye nouvèl ba li pou di l ke Laza te malad.

Jan 11:3

Sovè a te mande disip li yo pou yo te ale avèk li pou ede Laza. Disip yo te pè ale Betani. Li te tou pre Jerizalèm. Gen kèk moun nan Jerizalèm ki te vle touye Jezi.

Jan 11:6–8, 18

Jezi te di disip li yo Laza te mouri. Li te di ke li t ap mennen l retounen nan lavi. Mirak sa a t ap ede disip yo konnen ke li sete Sovè a. Jezi te ale Betani. Lè l te rive, Laza te mouri depi kat jou.

Jan 11:11–17, 19

Mat te di Jezi ke Laza t ap toujou vivan si l te vin pi bonè a. Jezi te di Laza ki li t ap viv ankò. Li te mande Mat si li te kwè nan li. Mat te di wi. Li te konnen ke Jezi sete Sovè a.

Jan 11:20–27

Mat te kite Jezi pou l t al jwenn sè l la, Mari. Mari t al rankontre Jezi tou. Anpil moun te suiv li. Mari te mete ajenou, li t ap kriye, nan pye Sovè a.

Moun ki te avèk li yo t ap kriye tou. Jezi te mande ki kote kò Laza te ye.

Jan 11:28–34

Jezi te ale nan tonm nan kote yo te antere Laza a. Te gen yon wòch ki te devan li. Li te di moun yo pou yo deplase wòch la.

Jan 11:38–39

Jezi te leve tèt li. Li te remèsye Papa nou ki nan Syèl la paske l tande priyè li.

Jan 11:41–42

Apresa, avèk yon gwo vwa, Jezi te di Laza pou l te sòti nan tonm nan. Laza te sòti. Anpil moun ki te wè mirak la lè sa a te kwè ke Jezi sete Sovè a.

Jan 11:43–45

CHAPIT 44

Sovè a ale Jerizalèm

Kèk moun te di prèt yo ak Farizyen yo ke Jezi te resisite Laza. Farizyen yo te gen enpresyon ke tout moun t apral kwè nan Jezi. Yo te pè pou okenn moun pa t koute yo.

Jan 11:46–48



Farizyen yo te planifye yon fason pou touye Jezi.
Yo te tann ni vini Jerizalèm pou fèt Pak la.

Jan 11:49–51, 55–57

Jezi te ale Jerizalèm. Anpil moun te tande ke l t ap vini epi yo t al rankontre li. Jezi te monte sou yon ti bourik pou antre nan vil la. Te gen yon pwofèt ki te ekri ke Pitit Bondye a t ap fè sa. Anpil moun te kwè ke Jezi sete Pitit Bondye. Yo te mete fèy palmis ak kèk nan rad yo atè a pou li pase. Yo te rele ozana epi yo te di ke Jezi sete wa yo.

Zakari 9:9; Matye 21:4–9; Jan 12:1, 12–15



Moun nan Jerizalèm yo te vin wè sa k t ap pase. Yo te mande kiyès Jezi te ye. Moun yo nan foul la te di yo ke li sete yon pwofèt ki soti Nazarèt.

Matye 21:10–11

Farizyen yo te fache. Yo pa t vle moun yo kwè ke Jezi sete Sovè a. Jezi te konnen Farizyen yo te vle touye li.

Jan 11:53; 12:19, 23

Jezi te di disip li yo ke li ta pral mouri talè. Ke l ta pral soufri pou peche tout moun epi apresa mouri sou yon kwa. Ke l sete Sovè mond lan. Sete poutèt sa li te vin sou tè a.

Jan 12:23–25, 27, 32–33, 47

CHAPIT 45

Ofrann vèv la

Jezi te ale nan tanp lan nan Jerizalèm. Li t ap gade moun yo ki t ap bay lajan pou Legliz la. Anpil moun rich te bay anpil lajan.

Mak 12:41



Yon pòv vèv te bay de ti pyès lajan ki pa t menm fè mwatye senk kòb. Se pa t anpil lajan, men sete tout sa l te genyen.

Mak 12: 42, 44

Jezi te wè vèv la epi li te di disip yo sa fi a te fè a.

Mak 12:43

Li te di ke moun rich yo te bay yon gwo montan lajan pase li, men yo te gen plis pou yo te bay.

Mak 12:43–44

Vèv la pa t gen lajan ankò. Li te bay tout sa l te genyen. Li te bay plis pou Bondye pase tout moun rich yo.

Mak 12:44

CHAPIT 46

Dezyèm Vini an

Jezi te sou Mòn Olivye a. Disip li yo te vle poze Jezi kèk kesyon. Yo te mande kilè mechan yo ta pral detwi. Epi yo te anvi konnen kilè Jezi t ap retounen ankò.

Matye 24:3; Joseph Smith—Matthew 1:4

Jezi te di yo ke anvan Dezyèm Vini li a, fo pwofèt ta pral deklare ke yo se Kris la. Anpil moun ta pral suiv yo. Men si disip li yo obeyi pawòl li yo, fo pwofèt yo pa t ap twonpe yo. Yo t ap sove.

Matye 24:4–5, 24–27; Mak 13:21–22; Joseph Smith—Matye 1:21–22, 37

Jezi te di ke anvan li retounen ankò, ap gen anpil lagè, grangou, maladi terib, ak tranblemandtè.

Anpil moun apral sispann ede lòt epi yo ap vin mechan.

Doktrin ak Alyans 45:16, 26–27, 31–32; Joseph Smith—Matye 1:23, 28–30

Levanjil la pral preche nan tout mond lan, men anpil moun pa p koute.

Doktrin ak Alyans 45:28–29; Joseph Smith—Matye 1:31

Solèy la ap vin pap klere ankò, lalin nan pap bay limyè ankò, epi zetwal yo va soti tonbe nan syèl la.

Matye 24:29; Mak 13:24–25; Joseph Smith—Matye 1:33

Lè Jezikri ap vini ankò, moun yo ap wè l k ap desann soti nan nyaj yo avèk pouvwa ak gwo laglwa. L ap voye zanj li yo pou rasanble moun jis yo.

Matye 24:30–31; Mak 13:26–27; Joseph Smith—Matye 1:36–37

Nou ka prepare pou Dezyèm Vini an nan fè sa ki byen. Lè nou wè siy Jezi te pwomèt yo, na va konnen ke vini Sovè a pwòch. Okenn moun pa konnen egzakteman kilè Jezi ap vini ankò. Si nou prepare, nou kapab demere avèk li.

Matye 24:44; Lik 21:36; Joseph Smith—Matye 1:39–40

CHAPIT 47

Dis vyèj yo

Jezi te rakonte yon istwa sou dis jènfi ki te ale nan yon nòs. Yo t ap tann fiyanse a vini pou fè yo antre. Yo pa t konneen kilè li t ap vini.

Matye 25:1, 13

Dis jènfi yo te gen lanp ki te limen ak gaz. Senk nan yo te gen bon konprann. Yo te pote gaz an rezèv pou lanp yo.

Matye 25:2, 4

Lòt senk jènfi yo sete tèt chaje. Yo te sèlman genyen gaz ki te nan lanp yo a.

Matye 25:3

Fiyanse a te pran tan pou l vini. Gaz nan lanp yo te fini. Senk jènfi bon konprann yo te gen gaz anplis pou yo te mete nan lanp yo. Senk sa ki te tèt chaje yo te oblije al achte gaz.

Matye 25:5–9

Pandan yo te ale a, fiyanse a te vini. Li te fè senk jènfi bon konprann yo antre nan nòs la.

Matye 25:10

Lè senk jènfi tèt chaje yo te retounen, pòt la te fèmen. Yo pa t kapab ale nan nòs la.

Matye 25:10–12

Jezi se tankou misye marye a nan istwa sa a. Manm Legliz yo se tankou dis jènfi yo. Lè Jezi ap vini ankò, kèk manm ap pare. Yo te obeyi kòmandman Bondye yo. Gen lòt ki pa p pare. Yo pa p kapab avèk Sovè a lè l vini ankò.

Matye 25:13; Doktrin ak Alyans 45:56–57; 88:86, 92; Jezi, Kris la, *576–80*

CHAPIT 48

Talan yo

Jezi te di disip yo yon istwa sou yon moun ki te bay sèvitè li kèk talan. Yon talan sete yon gwo kantite lajan.

Matye 25:14–15

Mesye a te bay youn nan sèvitè yo senk talan. Li te bay yon lòt sèvitè de talan. Li te bay yon twazyèm sèvitè yon talan. Apresa mesye a te pati pou yon vwayaj.

Matye 25:15

Sèvitè ki te gen senk talan an te travay di. Li te fè benefis senk talan. Kounyeya li te gen dis talan.

Matye 25:16

Sèvitè ki te gen de talan an te travay di tou. Li te fè benefis de lòt talan. Kounyeya li te gen kat talan.

Matye 25:17

Sèvitè ki te gen yon sèl talan an te antere l anba tè. Li te pè pou l pa t pèdi li. Li pa t travay pou l te fè okenn talan anplis.

Matye 25:18

Lè mesye a te retounen, li te mande sèvitè l yo kisa yo te fè avèk talan yo a.

Matye 25:19

Premye sèvitè a te pote dis talan ba li. Mesye a te kontan. Li te mete sèvitè responsab anpil bagay epi li te di l pou l fete avèk li.

Matye 25:20–21

Dezyèm sèvitè a te pote kat talan bay mèt la. Sa te fè mesye a kontan tou. Li te nonmen dezyèm sèvitè a responsab anpil bagay epi li te di l pou l fete avèk li.

Matye 25:22–23

Twazyèm sèvitè a te remèt mesye a talan an li te antere a. Mesye a pa t kontan. Li te di sèvite a ke l sete yon parese. Li ta dwe travay di pou fè plis talan.

Matye 25:24–27

Mesye a te pran talan an nan men twazyèm sèvitè a epi li te bay premye sèvitè a li. Apresa li te jete sèvitè parese a deyò. Mesye a nan istwa a se tankou Jezi. Nou se sèvitè yo. Jezi ap gen pou jije fason nou chak itilize talan yo ba nou yo.

Matye 25:28–30

CHAPIT 49

Premye Sentsèn nan

Chak ane Juif yo te selebre yon fèt yo te rele Pak. Li te ede Juif yo sonje ke Bondye te sove zansèt yo nan tan Moyiz la.

Egzòd 12:27; Lik 22:7



Jezi ak Douz Apot yo te bezwen yon kote pou yo te manje festen Pak la. Sovè a te voye Pyè ak Jan al chèche yon chanm kay epi prepare tout bagay pou festen an.

Lik 22:8

Yo te jwenn yon chanm kay epi yo te prepare festen an.

Lik 22:9–13

Jezi ak tout Apot yo te ale nan kote a. Yo te manje festen Pak la ansanm.

Lik 22:14

Jezi te bay Apot li yo Sentsèn nan pou lapremyè fwa. LI te pran pen an nan men li, li te beni li, epi apresa li te kase l an moso. Li te di Apot yo pou yo manje pen an.

Matye 26;26; Lik 22:19

Jezi te di yo pou yo panse ak kò li lè y ap manje pen an. Li te mande yo pou yo sonje ke li t ap mouri pou yo.

Matye 26:26; Lik 22:19

Jezi te vide diven nan yon gode. Li te beni diven an epi li te di Apot yo pou yo bwè li.

Matye 26:27



Jezi te di yo pou yo panse avèk san li lè yo t ap bwè diven an. Li te mande yo pou yo sonje ke san l t ap koule epi li t ap soufri pou peche tout moun.

Mathe 26:28; Lik 22:20



Jezi te di Apot yo tou ke moun mechan yo ta pral touye li byen vit. Onz Apot yo te tris anpil. Yo te renmen Sovè a e yo pa t vle li mouri. Jezi te konnen ke youn nan Apot yo ta pral ede moun mechan yo. Non li sete Jida Iskaryòt.

Matye 26:2, 14–16, 21–25

CHAPIT 50

Lòt ansèyman nan Dènye Soupe a



Lè yo te fin manje, Jezi te di Apot li yo ke youn dwe renmen lòt menmjan li menm li te renmen yo a. Si yo te fè sa, tout moun t ap konnen ke yo sete disip li.

Jan 13:34–35



Li te di ke si Apot yo te renmen li, yo t ap respekte kòmandman l yo. Li te pwomèt yo don Sentespri a. Sentespri a t ap anseye yo tout sa yo te bezwen konnen. Sentespri a t ap ede Apot yo sonje sa Jezi te anseye yo.

Jan 14:15–18, 26

Jezi te di ke li sete tankou yon pye rezen. Disip li yo se tankou branch pye rezen an. Se sèlman branch ki tache byen fèm avèk pye rezen an ki ka donnen bay bon fwi.

Jan 15:1–2, 5

Jezi te pwomèt Apot li yo ke si yo viv levanjil la, fwi yo (zèv yo) t ap bon. Si yo pa t suiv li, yo t ap tankou branch ki koupe soti nan yon pyebwa epi ki pa pwodui anyen.

Jan 15:3–8



Jezikri te priye pou Apot li yo te ka ini. Li te vle yo anseye moun yo pou yo kwè nan li epi pou yo konnen ke Papa nou ki nan Syèl la renmen yo.

Jan 17:1–4, 6, 11, 20–23



Apresa Jezi ak Apot li yo te chante yon kantik epi yo te sòti.

Matye 26:30

CHAPIT 51

Jezi soufri nan Jaden Jetsemane a

Jezi ak Apot li yo te ale nan Jaden Jetsemane a. Jida pa t ale avèk yo. Li t al di dirijan Jwif yo ki kote Jezi te ye.

Matye 26:36; Mak 14:43; Jan 18:2–3

Sovè a te mande Pyè, Jak, ak Jan pou yo ale avèk li nan jaden an. Li te mande yo pou yo te tann pandan l t ap priye.

Matye 26:36–39; Mak 14:33–35

Jezi te konnen ke li te bezwen soufri pou peche tout moun. Li pa t anvi soufri, men li te chwazi pou l obeyi Papa nou ki nan Syèl la.

Matye 26:39–44

Dòmi te pran Pyè, Jak, ak Jan pandan Jezi t ap priye a. Jezi te tounen epi li te jwenn yo ap dòmi. Li te mande yo pou yo rete reveye.

Matye 26:40–41

Li t al priye ankò. Pyè, Jak, ak Jan te anvi rete reveye, men yo te fatige anpil. Dòmi te pran yo ankò. Jezi te jwenn yo ap dòmi ankò. Li te ale epi li te priye yon twazyèm fwa.

Matye 26:42–44

Pandan Jezi t ap priye, li te kòmanse tranble akoz doulè a. Yon zanj te vini pou ba l fòs. Li te sitèlman soufri ke swè te koule sou li tonbe atè tankou degout san Li t ap soufri pou tout peche nou yo pou nou kapab jwenn padon si nou repanti.

Lik 22:41–44; Doktrin ak Alyans 19:16–19

Jezi te reveye Pyè, Jak, ak Jan. Li te di yo ke yo ta pral trayi li epi touye li. Jezi te di ke moun mechan yo t ap vini pou vin pran li.

Matye 26:45–46

CHAPIT 52

Jijman Jezi a

Chèf Juif yo te voye mesye avèk zam ak baton nan Jaden Jetsemane a.

Matye 26:47



Jida Iskaryòt te ansanm avèk yo. Chèf prèt yo te peye Jida pou l t al montre mesye yo ki kote Jezi te ye.

Matye 26:14–16, 47



Jida te bo Jezi pou montre mesye yo kiyès Jezi te ye. Mesye yo te arete Jezi. Yo te pase l nan betiz epi yo te frape li. Apresa yo te mennen Jezi bay Kayif, gran prèt la.

Matye 26:48–49, 57; Lik 22:54, 63–65

Dirijan Jwif yo te poze Jezi kesyon. Yo te di ke l te kraze lwa a dèske l te di ke li sete Pitit Bondye a. Jezi te di yo ke li sete Pitit Bondye. Yo te di Jezi te koupab epi li te dwe mouri.

Lik 22:66–71

Chèf Jwif yo pa t gen otorite pou yo te touye Jezi. Yo te mennen l devan Pons Pilat, ki te kondane Jezi pou l mouri. Dirijan Jwif yo te di Pilat ke Jezi te anseye moun yo pou yo dezobeyi lwa Women an.

Lik 23:1–2

Pilat pa t panse Jezi te fè anyen ki pa bon. Li te vle lage Jezi. Foul moun yo te vle yo krisifye Jezi.

Lik 23:14–21



Pilat te toujou anvi lage Jezi. Men prèt yo ak moun yo te kontinye ap rele ke yo te vle Jezi krisifye.

Lik 23:22–23

Pilat te lave men li. Li te di ke li pa t responsab lanmò Jezi. Moun yo te di pou responsablite lanmò li tonbe sou yo. Pilat te di sòlda yo pou yo krisifye Jezi.

Matye 27:24–26w

CHAPIT 53

Jezi krisifye



Sòlda yo te bat Jezi avèk fwèt. Yo te mete yon rad wouj vyolèt sou li. Yo te fè yon kouwòn pikan epi yo te mete l sou tèt li. Yo te pase l nan betiz epi yo te krache sou li. Yo te rele l “Wa Jwif yo.”

Mak 15:15–20



Anpil moun te suiv sòlda yo lè yo te pran Jezi pou mennen l sou yon ti mòn tou pre Jerizalèm. Yo te fè l pote pwòp kwa li. Yo te kloure men li ak pye li sou kwa a epi yo te leve l anlè. Yo te krisifye de lòt mesye avèk li tou, ki sete vòlè.

Lik 23:27, 33; Jan 19:17–18

Jezi te priye. Li te mande Papa nou ki nan Syèl la pou padone sòlda yo ki te krisifye l la. Yo pa t konnen ke li sete Sovè a.

Lik 23:34

Mari, manman Jezi, te kanpe bò kwa a. Apot Jan te la tou. Jezi te di Jan pou pran swen manman li. Jan te mennen manman Jezi lakay li.

Jan 19:25–27



Fènwa te kouvri peyi a. Sovè a te soufri sou kwa a pandan plizyè èdtan. Finalman lespri li te kite kò li, epi li te mouri.

Matye 27:45, 50

Lè l te mouri, yon tranblemandtè te kraze gwo wòch yo an pyès. Rido ki te nan tanp lan, ke yo rele vwa la, te chire an de moso. Sòlda women yo te efreye.

Matye 27:51, 54



Youn nan disip Jezi yo te retire kò Sovè a sou kwa a. Li te vlope li nan yon dra epi li te mete l nan yon tonm, yon kote yo antere moun. Yo te woule yon gwo wòch mete devan tonm nan.

Matye 27:57–60

CHAPIT 54

Jezi resisite

Kò Sovè a te nan tonm nan jiska Dimanch maten. Epi de zanj te vini epi yo te woule wòch la soti devan tonm nan

Matye 28:1–2 (gade referans 2a); Lik 24:1–4

Yon fi Jezi te geri, ki te rele Mari Magdala, te ale nan kavo a. Li te etone lè l te wè ke wòch la te deplase. Kò Jezi pa t nan tonm nan.

Jan 20:1–2



Li te kouri al di Pyè ak Jan ke yon moun te wete kò Sovè a. Li pa t konn ki kote l te ye.

Jan 20:2

Pyè ak Jan te kouri al nan kavo a. Yo te wè rad Jezi te antere a, men kò Jezi pa t la. Pyè ak Jan pa t konn kisa pou yo te fè. Yo te retounen lakay yo.

Jan 20:3–7, 10

Mari Magdala te rete bò tonm nan, ap kriye. Lè l te bese tèt li pou l gade andedan kavo a ankò, li te wè de zanj.

Jan 20:11–12

Yo te mande Mari Magdala poukisa li t ap kriye. Li te di yon moun te pran kò Jezi. Li pa t konn ki kote li te ye.

Jan 20:13

Li te vire tèt li, epi li te wè yon moun. Li te panse sete jadinye a. Li te mande l poukisa li t ap kriye. Mari te mande li si l te konnen ki kote kò Jezi te ye.

Jan 20:14–15



Lè sa a mesye a te di: “Mari” epi li te rekonèt ke sete Jezi. Li te mande l pou l al di Apot yo ke li te resisite.

Jan 20:15–17

Mari Magdala ak kèk lòt fi t al di Apot yo ke Jezi te resisite. Toudabò Apot yo pa t kwè li.

Lik 24:10–11; Jan 20:18

Nan apre, pandan Apot yo t ap pale youn ak lòt, Jezi te antre nan sal la. Apot yo te pè. Yo te toujou panse ke l te mouri.

Lik 24:36–37



Sovè a te di yo pou yo touche men li ak pye li. Li te resisite— kò li ak lespri li te vin reyini ansanm ankò.

Lik 24:38–40

Apot yo te kontan wè li. Li te mande yo manje.
Yo te ba l pwason ak gato myèl. Li te manje li.

Lik 24:41–43

Jezikri sete premye moun ki te resisite. Anpil lòt moun te resisite apresa epi anpil moun nan Jerizalèm te wè yo. Jezi te di: “Mwen se rezirèksyon an, ak lavi a.” Paske li te simonte lanmò, nou tout ap resisite yon jou.

Matye 27:52–53; Jan 11:25

CHAPIT 55

Apot yo dirije Legliz la

Apre l te fin resisite, Jezi te rete avèk Apot yo pandan karant jou. Li te anseye yo anpil bagay sou levanjil la ak sou legliz li a.

Travay 1:1–3

Li te di yo pou yo anseye tout moun levanjil la. Li te di yo tou ke li ta pral gen pou kite yo byen vit, men Sentespri a t ap vini pou ede yo.

Travay 1:4–8

Apot yo te gade Jezi ki t ap monte nan syèl la.
De zanj abiye an blan te di Apot yo ke Jezi t ap
retounen ankò soti nan syèl la yon jou.

Travay 1:9–11

Apot yo te vin dirijan Legliz Jezikri a sou tè a kounyeya. Pyè te Prezidan, epi Jak ak Jan sete konseye li.

Matye 16:18–19; Doktrin ak Alyans 81:1–2; Jezi, Kris la, *219–20*

Te gen onz Apot sèlman —Jida te mouri. Papa nou ki nan Syèl la te di Apot yo pou yo te chwazi Matyas pou vin youn nan Douz Apot yo. Tout Apot yo te gen yon apèl espesyal nan Prètriz la.

Matye 27:3–5; Travay 1:15–17, 21–26; Doktrin ak Alyans 102:8



Apot yo ak lòt disip yo te gen lafwa nan Senyè a. Yo te obeyi kòmandman l yo. Youn te renmen lòt.

Travay 2:41–47

Avèk Prètriz la ak pouvwa Sentespri a, Apot yo te kapab fè anpil bagay. Yo te geri malad e yo sete misyonè. Yo te anseye sou Jezikri ak levanjil li a. Anpil moun te kwè nan pawòl Apot yo epi yo te antre nan Legliz la. Manm legliz yo te rele Sen.

Travay 2:2–4, 32–33, 36–43, 47; 3:1–8; Women 1:7

CHAPIT 56

Pyè geri yon moun

Yo te mennen yon mesye ki pa t ka mache nan tanp lan chak jou. Li te konn chita bò pòt tanp lan ap mande charite. Yon jou li te wè Pyè ak Jan t ap antre nan tanp lan.

Travay 3:1–3

Li te mande yo lajan. Pyè te di ke li pa t gen lajan. Pyè te di ke li t ap bay mesye a yon lòt bagay.

Travay 3:3, 6

Pyè te beni mesye a nan non Jezikri epi li te geri li. Apresa li te ede mesye a kanpe.

Travay 3:6–7

Mesye a te mache pou lapremyè fwa nan lavi li. Anpil moun te wè mesye a t ap mache ak sote. Yo te konnen sete yon mirak. Yo te konnen ke Pyè te gen pouvwa Bondye. Pyè te di yo ke Jezikri te ba li pouvwa pou geri mesye a. Pyè sete yon gran misyonè. Li te ede anpil moun kwè nan Jezikri ak suiv li.

Travay 3:8–13, 16; 4:4

CHAPIT 57

Mechan yo touye Etyèn

Anpil dirijan Jwif te panse ke mirak yo t ap sispann lè Jezi te mouri. Men, Apot yo te akonpli mirak tou. Anpil moun te kwè nan Jezikri epi yo te antre Legliz la.

Travay 4:1–4, 13–16; 5:14

Sa te fè anpil dirijan Juif fache. Yo te mete Pyè ak Jan nan prizon. Wa Ewòd Agripa te fè yo touye Apot Jak.

Travay 4:3; 12:1–2



Apot yo te rele sèt gason pou ede yo dirije Legliz la. Youn ladan yo sete yon mesye jis ki te rele Etyèn. Li te anseye anpil moun levanjil la. Kèk moun mechan te bay manti epi yo te di ke Etyèn t ap pale kont lwa Jwif la. Yo te trennen l devan dirijan Jwif yo pou yo te ka jije li.

Travay 6:3–12



Etyèn te di dirijan yo ke yo sete mechan. Li te di yo ke yo te touye Jezikri, Pitit Bondye a.

Travay 7:51–54

Apresa Etyèn te leve je gade syèl la epi li te wè Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Lè l te di dirijan yo sa l te wè, yo te an kòlè.

Travay 7:55–56

Yo te trennen Etyèn deyò lavi l la epi yo te touye l ak kout wòch. Yo te mete rad yo nan pye yon jèn gason ki te rele Sòl. Pandan Etyèn t ap mouri, li te mande Bondye pou l te resevwa lespri li. Li te mande Bondye pou padone moun ki te touye l yo. Epi apresa li te mouri.

Travay 7:58–60

CHAPIT 58

Simon ak Prètriz la

Anpil moun nan Samari te tande levanjil la epi yo te kwè nan li. Yo te batize, men yo pa t gen Sentespri a.

Travay 8:5, 12–16

Pyè ak Jan te ale Samari. Yo te mete men sou tèt moun yo pou bayo don Sentespri a.

Travay 8:14–17

Yon mesye yo te rele Simon te wè Pyè ak Jan ap bay moun yo don Sentespri a. Simon te konnen ke de Apot yo te ka bay don Sentespri a paske yo te gen Prètriz la. Li te vle gen Prètriz la tou.

Travay 8:9, 18–19

Li te ofri Pyè ak Jan lajan pou li. Pyè te di Simon ke okenn moun pa t ka achte Prètriz la. Bondye ba moun jis li. Pyè te konnen ke Simon pa t yon moun jis. Li te di l pou l repanti.

Travay 8:18–24

CHAPIT 59

Sòl aprann sou Jezi

Sòl te gade moun yo ki te touye Etyèn yo. Yon jou Sòl t ap mache pou al lavil Damas avèk kèk zanmi. Li te vle pou yo mete kèk nan disip Kris yo nan prizon.

Travay 7:58; 9:1–2

Toudenkou, yon limyè klere soti nan syèl la vin antoure li. Li te tonbe atè. Epi li te tande vwa Jezi ki t ap mande li poukisa li t ap pèsekite Sen yo konsa. Sòl te efreye. Li te mande Jezi kisa pou l te fè. Sovè a te di li pou l te ale lavil Damas. Nan kote sa a yo t ap di Sòl kisa pou l te fè.

Travay 9:3–6

Sòl te louvri je li, men li pa t kapab wè. Li te avèg. Zanmi l yo te pran l mennen Damas.

Travay 9:8–9

Yon disip Jezikri yo te rele Ananyas t ap viv nan Damas. Nan yon vizyon, Jezi te di Ananyas pou l t al jwenn Sòl.

Travay 9:10–11

Ananyas te gen Prètriz la. Li te mete men l sou tèt Sòl epi li te beni li pou Sòl te ka retounen wè ankò. Apre l te fin geri, Sòl te batize epi li te resevwa don Sentespri a.

Travay 9:17–18



Sòl te chanje non li vin rele Pòl. Li te aple pou vin yon Apot. Li te vin yon misyonè pou Legliz la. Li te ekri anpil lèt. Li te al nan anpil peyi pou anseye levanjil la.

Travay 26:16–23; Women 1:1

CHAPIT 60

Pyè fè Tabita leve vivan ankò

Nan lavil Jope te gen yon bon fi yo te rele Tabita. Li sete yon disip Jezikri. Li te konn ede anpil moun epi li te konn fè anpil bon bagay.

Travay 9:36

Li te vin malad epi li te mouri.

Travay 9:37

Zanmi l yo te voye chèche Pyè. Lè l te rive, li te mande zanmi Tabita yo pou yo te sòti.

Travat 9:38–40

Pyè te mete ajenou epi l te priye, epi apresa li te pran men Tabita. Li te louvre je li epi l te chita.

Travay 9:40

Pyè te ede l kanpe. Li te rele zanmi l yo. Yo te vini epi yo te wè ke l te vivan. Pyè te itilize pouvwa Prètriz la pou mennen Tabita retounen a lavi.

Anpil moun nan Jope te kwè nan Jezikri lè yo te aprann Tabita te leve vivan ankò.

Travay 9:41–42

CHAPIT 61

Pòl ak Silas nan prizon



Yon tifi te gen yon movèzespri nan li. Moun yo te renmen tande sa movèzespri a te konn ap di pa bouch tifi a. Yo te konn peye mèt ki te responsab tifi a kòb pou yo te ka tande movèzespri a pale.

Travay 16:16



Kèlkeswa lè Pòl ak Silas te pase nan kote sa a, tifi a te suiv yo. Lè l te fè sa, movèzespri a te pale. Yon jou Pòl te kòmande movèzespri a pou kite li. Li te ale. Mesye l t ap travay pou yo yo te fache. Kounyeya yo pa t kapab fè lajan ankò.

Travay 16:17–19

Mesye yo te mennen Pòl ak Silas bay dirijan lavil yo. Yo te di ke Pòl ak Silas t ap bay pwoblèm.

Travay 16:19–22

Dirijan yo te fè bat Pòl ak Silas epi yo te mete yo nan prizon.

Travat 16:22–24



Jou swa sa a Pòl ak Silas te priye Papa nou ki nan Syèl la epi yo te chante. Tout moun nan prizon an te tande yo. Toudenkou tè a te kòmanse tranble. Pòt prizon yo te louvri.

Travay 16:25–26

Gad la te reveye epi li te wè pòt yo louvri. Li te panse ke prizonye yo te sove. Pòl te di gad la li pa bezwen pè. Prizyonye yo te toujou andedan. Gad la te tonbe ajenou devan Pòl ak Silas epi li te mande yo kijan li te kapab sove.

Travay 16:27–30



Pòl ak Silas te anseye gad la ak fanmi li levanjil la. Jou swa sa a gad la ak fanmi li te batize.

Travay 16:31–33



Nan demen dirijan lavil yo te libere Pòl ak Silas. Pòl ak Silas te ale nan yon lòt vil pou yo te fè plis travay misyonè.

Travay 16:35–40

CHAPIT 62

Pòl obeyi Sentespri a



Sentespri a te di Apot Pòl pou l te ale Jerizalèm. Sentespri a te di ke yo t ap mete Pòl nan prizon. Pòl pa t pè. Li te renmen Sovè a epi li te fè sa Sentespri a te di l pou l te fè a.

Travay 20:22–24



Pòl te di zanmi l yo orevwa. Li te di yo ke l pap janm wè yo ankò. Li te di yo pou yo viv levanjil la epi respekte kòmandman Bondye yo. Pòl te avèti yo pou yo pa t koute moun ki ta pral eseye anseye yo bagay ki pa vrè yo.

Travay 20:25, 28–32

Pòl te di yo pou youn renmen lòt epi pou youn pran swen lòt. Li te mete ajenou epi li te priye avèk yo. Tout moun te kriye. Yo te ale avèk li nan bato a epi yo te gade Pòl pati al Jerizalèm.

Travay 20:35–38

CHAPIT 63

Pòl fini misyon li

Pòl te ale nan tanp lan nan Jerizalèm. Yon gwoup Jwif te panse ke Pòl te mennen moun ki pa t Jwif antre nan tanp la. Sa te fè Jwif yo fache. Yo te rale Pòl deyò epi yo te bat li.

Travay 21:26–32

Sòlda Women yo te arete Pòl Yo te kite l pale avèk pèp Jwif la. Pòl te temwaye bay moun yo ke li te wè yon limyè soti nan syèl la epi li te tande vwa Sovè a. Li te di ke Jezi te di l pou preche levanjil la.

Travay 21:33–40; 22:1–15

Moun yo pa t kwè Pòl. Yo te vle touye li. Sòlda yo te mete Pòl nan prizon pou nuit la.

Travay 22:22–30



Sovè a te vizite Pòl nan prizon an epi li te di l pou l pa t pè. Li te di Pòl ta prale Wòm pou anseye levanjil la nan kote sa a.

Travay 23:11

Pou pwoteje Pòl, Women yo te voye l nan yon lòt vil. Wa Agripa te la. Pòl te di Wa Agripa ke li sete yon Farizyen anvan sa epi li te rayi moun ki te kwè nan Jezi yo. Li te menm mete yo nan prizon. Epi Pòl te wè yon limyè soti nan syèl la epi li te tande vwa Sovè a. Kounyeya li te kwè nan Jezi.

Travay 23:12–35; 25:13–23; 26:1–15

Pòl te temwaye bay Wa Agripa ke levanjil la te vrè. Li te di ke Jezi te resisite. Nan yon vizyon, Jezikri te di Pòl pou l te anseye levanjil li a. Paske Pòl te obeyi, anpil moun te rayi li.

Travay 26:16–23

Wa Agripa te di ke Pòl te fè l prèske fè l kwè nan Jezi. Wa a pa t panse ke yo te dwe touye Pòl. Men li te voye Pòl pati pou lavil Wòm, kote pou yo t al jije li.

Travay 26:27–32

Pòl te rete nan prizon nan lavi l Wòm nan pandan dezan. Anpil moun te vin wè li. Li te anseye yo levanjil la. Pòl te ekri lèt voye bay Sen yo nan lòt peyi yo. Kèk nan lèt sa yo, ki rele epit, nan Nouvo Testaman an.

Travay 28:16–31



Pòl te konnen yo t ap touye li. Li pa t pè. Li te obeyi kòmandman Bondye yo. Li te anseye levanjil la. Li te fini misyon li. Pòl te konnen ke Papa nou ki nan Syèl la renmen li. Li te konnen tou ke lè l mouri, li ta pral viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri.

2 Timote 4:6–8

Apre Nouvo Testaman an

Dirijan Legliz yo te travay di pou anseye moun yo sou Jezikri. Yo te vizite Sen yo epi yo te ekri lèt voye ba yo. Moun te antre nan Legliz la nan anpil peyi. Moun mechan yo pa t vle moun yo kwè nan Jezikri.

Travay 6:2–4, 7; 11:19–21



Mechan yo te vle chanje kòmandman yo. Kèk Sen te koute yo. Anpil te sispann kwè nan Jezi e yo pa t obeyi kòmandman yo.

Galat 1:6–8; Tit 1:10–11; 1 Jan 2:18–19

Yo te touye Apot yo ak anpil Sen. Pa t gen okenn moun ki te rete pou dirije Legliz la. Yo te retire kle Prètriz yo sou tè a. Moun yo pa t gen pwofèt pou gide yo. Legliz Jezikri a pa t sou tè a ankò. Apot Pyè ak Pòl te di sa te gen pou rive.

Matye 23:34; 24:8–10; Women 8:36; 1 Korentyen 4:9–13; 1 Pyè 4:12; Jezi, Kris la, *745–46*

Dè santèn ane te pase. Te gen anpil legliz diferan. Okenn nan yo pa t gen Apot ni Prètriz Bondye a. Okenn nan legliz yo pa t Legliz Jezikri a. Men pwofèt yo te di ke apre anpil ane Legliz Jezikri a t ap gen pou retounen sou tè a ankò.

Travay 3:19–26; 2 Tesalonisyen 2:1–4 ; 2 Timote 4:3–4

Nan lane 1820, yon tigason ki te rele Joseph Smith te anvi konnen ki legliz ki te Legliz Jezikri a. Li te ale nan boskè tou pre lakay li epi li te priye. Li te mande Bondye pou di li ki legliz ki te bon an.

Joseph Smith—Istwa 1:3, 5, 10, 14–15

Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te parèt devan Joseph Smith. Sovè a te di Joseph pou l pa t antre nan okenn nan legliz yo paske yo youn pa t Legliz li a.

Joseph Smith—Istwa 1:17–19

Bondye te chwazi pou l te fè Legliz Jezikri a retounen sou tè a pa lentèmedyè Joseph Smith. Bondye te voye zanj pou te bay Joseph Smith Prètriz la. Li te ede Joseph tradui Liv Mòmon an. Jou 6 Avril 1830 la, Legliz Jezikri a te òganize sou tè a ankò.

Joseph Smith—Istwa 1:33, 66–75

Menmjan Jezi te chwazi Douz Apot lè l te sou tè a, Bondye te ede Joseph Smith chwazi Douz Apot pou ede l dirije Legliz la. Yo te bay mesye sa yo pouvwa pou anseye levanjil la ak pou fè mirak.

Doktrin ak Alyans 102:3; 107:22–23, 35

Jezi te vle tout moun konnen legliz li a. Li te di Joseph Smith pou l te voye misyonè pou anseye tout moun sou Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Doktrin ak Alyans 1:18, 30



Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se menm legliz Jezi te òganize a lè l t ap viv sou tè a.

Doktrin ak Alyans 115:4

Pawòl pou n konnen

adorasyon louwe, renmen ak obeyi Bondye
ajenou [mete ajenou] desann sou jenou ou

antere mete kò yon moun ki mouri nan yon tonm oubyen anba tè epi kouvri l avèk tè; mete yon bagay yon moun vle kache anba tè
antre vin fè pati yon gwoup
Apot
yon dirijan nan Legliz Jezikri a ki temwaye konsènan Jezikri epi ki anseye levanjil la
avèg pa kapab wè

batèm [batize] yon òdonans oubyen seremoni kote yon moun ki gen otorite Prètriz la plonje yon lòt moun totalman anba dlo epi leve li sòti anba dlo a. Batèm se yon kondisyon pou yon moun vin manm Legliz Jezikri a. Gade tou *don Sentespri a*.

bay manti pa di laverite
bèje yon moun ki pran swen mouton



benediksyon yon priyè espesyal pou mande Papa nou ki nan Syèl la rekonfò oubyen pou mande l geri yon moun; moun ki fè priyè a dwe fè sa pa pouvwa Prètriz la li detni an. Tout èd nou resevwa nan men Bondye.
beni bay bon bagay oubyen ede yon moun

chwazi pran oubyen seleksyone

dezè peyi ki pa gen anpil dlo ni plant ni bèt
dezè yon plas kote pa gen vil ni vilaj epi kote sèlman kèk grenn moun viv
Dezyèm vini lè Jezi ap vini sou tè a ankò pou sove moun ki jis yo ak detwi moun mechan yo
dim lajan yo bay Bondye pou bati Legliz li a
dirijan yon moun k ap gide epi ki responsab yon gwoup moun
dirije gide lòt moun
disip yon moun ki kwè nan Jezikri epi k ap eseye vin menmjan avèk li
diskou yon pale ki fèt pa yon gwoup moun sou levanjil
diven yon bwason ki fèt avèk rezen
don Sentespri a dwa pou yon moun gen èd Sentespri a; yo bay yon moun ni apre batèm ni pa yon moun ki gen otorite Prètriz la
doulè yon zòn nan kò a ki blese oubyen k ap senyen
dyab yon lòt non pou Satan

ekriti liv ki gen pawòl Bondye ke yo bay atravè pwofèt li
espri youn nan pitit Papa nou ki nan Syèl la ki pa gen yon kò lachè ak zo
etènèl yon bagay ki pa gen fen; ki ale pou tout tan

festen yon gwo repa abityèlman ki fèt nan yon jou espesyal
fiyanse yon moun ki pral marye
fwèt yon kòd mens; itilize yon fwèt pou frape yon moun oubyen yon bagay



gad yon moun k ap veye sou moun nan prizon; siveye yon moun, yon kote, oswa yon bagay
ganmèl yon bwat kote yo mete manje pou bèt manje



geri fè yon moun ki malad oubyen ki blese vin byen
grangou yon rate manje paske pa gen ase bagay pou nouri tout moun
gwòt yon ouvèti andedan yon kolin



jèn rete san manje ak san bwè dlo pou chèche benediksyon nan men Papa nou ki nan Syèl la
jijman yon evenman kote moun eseye pwouve si wi ou non yon moun te kraze lalwa
jis obeyi kòmandman Bondye yo

kado yon bon bagay Bondye oubyen lòt moun ba nou
kantik yon chan legliz oubyen yon chan pou louwe Bondye
kaptire [arete] pran yon peyi oubyen yon moun pa la fòs
kò lachè ak san kò moun sou tè a genyen ki fèt avèk po, zo, mis, ak san
kòmande di yon moun oubyen yon bagay sa pou l fè
kòmandman yon bagay Bondye di moun pou yo fè pou yo ka gen kè kontan
konseye yon moun ki ede yon lòt moun oubyen ki ba l konsèy
kouwòn pikan pikan byen file ki ranje an sèk ke yo te mete sou tèt Jezi



krisifye touye yon moun kote yo pann ni sou yon kwa anbwa jan yo te fè pou Jezikri a
kwè santi ke yon bagay dwat oswa vrè

lafwa kwè epi gen konfyans nan Jezikri
lagè yon batay ant enmi
lavi etènèl vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la epi viv avèk li pou tout tan
lepre yon moun malad ki gen maleng sou tout kò li
levanjil ansèyman Jezikri sou fason moun dwe viv pou yo kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la; se plan Sali Papa nou ki nan Syèl la
louwanj di bon bagay osijè yon moun

mal yon bagay ki pa bon e ki pa sot nan Bondye
manm yon moun ki fè pati yon legliz oswa yon lòt gwoup
mechan yon moun ki fè mal
mirak yon bagay ki pa abityèl ki rive pa pouvwa Bondye
misyon yon tan sèvis espesyal pou ale anseye moun levanjil Jezikri a ak fòtifye wayòm Bondye a sou tè a
misyonè yon moun ki ale nan yon misyon; pafwa moun nan aple pou al nan lòt peyi
moke pase nan betiz
mòn yon montay oswa yon gwo kolin

nich myèl chanm lasi ki fèt pa myèl. Myèl yo ranpli chanm lasi yo avèk siwo myèl.



nòs evenman kote yon gason ak yon fi marye
nwaye mouri paske w rete anba dlo twò lontan

obeyi fè sa yo mande oubyen sa yo kòmande
òdone gason ki detni otorite Prètriz la poze men yo sou tèt yon lòt moun pou ba li pouvwa ak otorite Prètriz la

òganize mete Legliz Jezikri a nan lòd
otèl yon konstriksyon sakre-tankou yon tab nan tanp lan lè Jezi te sou tè a. Moun yo te ofri sakrifis bay Bondye sou otèl la.



otèl yon plas kote moun kapab manje ak dòmi lè y ap vwayaje
otelye moun k ap dirije yon otèl
otorite dwa pou itilize yon pouvwa tankou Prètriz la oubyen pou gen dwa pou pini moun ki pa obeyi lalwa

padone sispann fache avèk yon moun ki te fè bagay ki mal oswa blesan
Pak yon selebrasyon espesyal kote pèp Jwif la sonje kijan Bondye te sove moun yo anba Ejipsyen yo nan tan Moyiz la
parabòl yon istwa ki anseye yon prensip oswa yon leson
parese pa dispoze pou travay
patizan lapè yon moun ki ede moun pa fache avèk lòt
peche dezobeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la
pechè yon moun ki pa obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la
pen fòm pen an kuit la



pikan yon pati nan yon plant ki pwenti ki ka blese si ou touche l
plè yon move blese nan kò yon moun
pou tout tan toujou
pouvwa kapasite pou fè yon bagay. Gade tou *Prètriz*
prèt yon dirijan nan yon legliz
Prètriz otorite pou aji nan non Bondye
priye pale avèk Bondye, ba l remèsiman epi mande l benediksyon
priyè sa ki di lè yon moun priye
prizon yon plas kote yo kenbe moun ki kraze lwa
pwochen yon moun k ap viv tou pre lakay ou; nenpòt lòt pitit Bondye
pwodui fè yon bagay oswa grandi yon bagay
pwofèt yon moun ki aple pa Bondye pou di moun sa Bondye vle pou yo fè
pwomès di ke w ap fè yon bagay

pyès yon pyès lajan plat, an metal



ranpli avèk Sentespri a gen Sentespri a ranpli lespri ak kè yon moun avèk verite a
repanti santi regrè pou yon bagay ou te fè epi pwomèt pou w pa janm fè l ankò
resisite kò nou ak lespri nou retounen ansanm lè nou fin mouri
revelasyon yon bagay Bondye di pitit li
reverans [koube] koube tèt an siy respè

Saba yon jou espesyal nan semèn nan kote moun adore Bondye nan ale legliz ak aprann plis sou li
saj yon moun ki entelijan anpil epi ki konprann moun, lwa, ak ekriti; epitou, yon moun ki planifye davans
sakre tout bagay nou resevwa nan men Bondye ke nou dwe respekte ak revere
sakrifis renonse ak yon bagay enpòtan pou Bondye ak pou lòt moun
sali sove anba peche ak lanmò pou nou kapab viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò
selebre sonje yon jou enpòtan kote ou fè yon bagay espesyal
sen yon bagay ki pi epi ki pwòp epi ki mete apa pou sèvis Bondye
Sen yon manm vrè Legliz Jezikri a
sentsèn yon òdonans kote pen an ak dlo a beni epi distribye bay manm Legliz yo pou raple yo Jezikri ak respekte kòmandman yo. Òdonans lan fèt pa gason ki gen Prètriz la.
sèvitè yon moun ki sèvi oubyen ki travay pou yon lòt moun oubyen pou Bondye
sinagòg yon bilding kote pèp Jwif la rankontre pou adore Bondye
sòlda yon moun ki egzekite lòd yon wa oswa yon dirijan
sotrèl yon gwo ensèk k ap vole ki yo itilize pafwa kòm manje



soud pa kapab tande
soufri santi gwo doulè
sove sekouri anba danje. Jezi te mouri pou sove nou anba lanmò fizik ak anba danje peche.
suiv fè sa yon lòt moun fè
syèl plas kote Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri ap viv

taks lajan moun peye gouvènman an
tanp Kay Bondye sou tè a; yon kote pou adore Bondye; yon plas sen kote yo akonpli òdonans sakre

tante eseye fè yon moun fè yon bagay ki pa bon
temwayaj yon santiman oubyen yon panse nou resevwa nan men Sentespri a ki di ke levanjil la vrè
temwaye di lòt moun ke nou konnen yon bagay vrè
tonm yon kote yo antere moun mouri



tradui chanje mo ki ekri oswa pale nan yon lang fè l vin mo avèk menm sans la nan yon lang diferan
tranblemantè yon gwo sekous nan tè a

transfigirasyon yon chanjman nan yon moun pou yon ti bout tan, ki rann posib pou l vin nan prezans Papa nou ki nan Syèl la
trayi vire kont yon zanmi oubyen denonse l bay yon enmi

verite sa ki vrè ak dwat
vèv yon fi ki gen mari l mouri
viy (pye rezen) tij prensipal yon plant, tankou rezen, ki gen branch grenpan k ap soti ladan. Viy lan kenbe branch yo vivan



vizyon yon kalite revelasyon nan men Papa nou ki nan Syèl la
vòlè pran yon bagay ki apatni a yon lòt moun
vòlè yon moun ki vòlè bagay lòt moun
vwayaje ale soti nan yon kote al nan yon lòt

Wa Maj mesye ki te vini soti nan Lès pou vizite Jezi lè l te yon jèn timoun
wayòm Bondye Legliz la oubyen plas kote moun jis yo pral viv avèk Papa nou ki nan Syèl la apre lavi sa a
wòb yon gwo pyès twal flotan ke yo mete sou lòt rad

Zanj Yon mesaje selès ki soti bò kot Bondye

Kote pou n konnen

(chif ant parantèz yo reprezante chapit ki pale sou evenman ki te rive nan kote sa yo.)

Kat 1: Tè Sent nan epòk Nouvo Testaman an



1. **Damas** Pòl ta prale nan vil sa a lè Jezi te parèt devan li epi te di l pou l repanti. (59)
2. **Sezare Filip** Nan zòn sa a Jezi te temwaye de lanmò li ak rezirèskyon li, epi Pyè te temwaye ke Jezi se Pitit Bondye. (32)
3. **Galile** Jezi te pase anpil tan nan zòn sa a ap preche levanjil la ak geri malad. (19–20, 34, 36)
4. **Kapènaòm** Jezi te fè anpil mirak nan vil sa a. (23–25, 30)
5. **Lanmè Galile** Jezi te anseye levanjil la bay anpil moun tou pre kote sa a. Jezi te kalme yon tanpèt epi li te mache sou dlo Lanmè Galile a. (18, 21, 29)
6. **Kana** Jezi te fè dlo tounen diven nan yon resepsyon nòs nan kote sa a. Yon mesye te vini pou mande Jezi pou geri pitit gason l ki te malad. (12, 16)
7. **Nazarèt** Jezi te grandi nan vil sa a. (2, 4, 9, 17)
8. **Samari** Jezi te anseye yon fi sou dlo lavi a bò yon pi nan peyi sa a. Pifò Jwif yo te rayi moun Samari yo. (15, 58)
9. **Rivyè Jouden** Jan Batis te batize Jezikri nan rivyè sa a. (10)
10. **Jope** Pyè te leve Tabita anba lanmò retounen nan lavi nan kote sa a. (60)
11. **Jeriko** Nan parabòl bon Samariten an, yo te prèske touye yon mesye pandan l t ap vwayaje sou wout vil sa a. (35)
12. **Jerizalèm** Jezi ak Apot li yo te pase anpil tan ap anseye nan vil sa a. Jezi te mouri epi li te resisite nan kote sa a. (6, 39–40, 44–57, 63) Gade kat la 2 pou istwa adisyonèl ki te rive nan Jerizalèm.
13. **Betani** Laza, ke Jezi te leve anba lanmò, te viv nan kote sa a avèk sè li Mari ak Mat. (43)
14. **Betleyèm** Jezikri te fèt nan kote sa a. (5, 7)

Kat 2. Jerizalèm nan epòk Jezi a

1. **Gòlgota** Se petèt la a Jezikri te mouri sou kwa a. (53)
2. **Tonm nan nan Jaden an** Se petèt kote Jezikri te antere, te resisite, epi te pale avèk Mari Magdala a. (53, 54)
3. **Pisin Betseda a** Jezi te geri yon mesye nan kote sa a nan Jou Saba a. (27)
4. **Tanp** Nan kote sa a anj Gabriyèl te pwomèt Zakari ke li t ap gen yon pitit gason, ki sete Jan Batis. Jezi te anseye nan tanp sa a. Li te mete moun ki t ap vann bèt pou sakrifis yo deyò nan tanp lan tou. (1, 6, 9, 11, 13, 45, 56)
5. **Jaden Jetsemane** Jezikri te priye, soufri pou peche nou yo, te trayi pa Jida Iskaryòt, epi te arete nan jaden sa a. (51, 52)
6. **Montay Olivye** Jezi te anseye sou Dezyèm Vini li a nan kote sa a. (46)
7. **Kay Kayif** Se gen dwa plas kote dirijan Juif yo te fè jijman Jezi a, kote yo te akize l ke l te kraze lalwa. (52)
8. **Chanmòt** Sal kote Jezi ak Apot li yo te manje repa Pak la te siman nan zòn sa a. Jezi te anseye Apot li yo sou Sentsèn yon ti bout tan anvan yo te ale nan Jaden Jetsemane a. (49, 50)



Lòt kote pou n konnen

Amerik Jezikri te vizite pèp nan Amerik yo apre Rezirèksyon li epi li te anseye yo levanjil la. Li te aple douz disip pou dirije Legliz la nan kote sa a. (40)
Ejip yon peyi nan Sid Tè Sent la. Yon zanj te di Joseph pou l te pran fanmi li pou ale Ejip pou Ewòd pa t touye Jezi tibebe. (8)
Syèl kote Papa nou ki nan Syèl la ap viv la. (Entwodiksyon)
Tè planèt kote nou tout ap viv la. Jezikri te fè tè a pou nou. (Entwodiksyon)
Tè Sent peyi kote Jezi te viv ak anseye. Jide, Samari, ak Galile tout nan Tè Sent la. (Entwodiksyon)
Wòm kapital Anpi Women an. Pòl te anseye levanjil la pandan l te nan prizon nan Wòm. (63)

Moun pou n konnen

Agripa yon wa Women ki te dirije Izrayèl. Pòl te pale Agripa de Jezikri.
Ananyas yon disip Jezikri ki te viv nan Damas. Li te beni Pòl epi li te pran swen li apre Pòl te vin avèg pandan yon vizyon.
Àn yon vèv fidèl ki te wè Jezi lè l te tibebe epi ki te anseye moun yo ke Jezi sete Pitit Bondye a ak Redanmtè a
Bondye ka fè referans ak Papa nou ki nan Syèl la oswa Jezikri
Elizabèt manman Jan Batis
Elyas yon pwofèt Ansyen Testaman an
Etyèn yon dirijan jis nan Legliz Jezikri a. Farizyen yo te touye li.
Ewòd yon wa mechan ki t ap gouvène Jerizalèm lè Jezi te fèt. Li te fè touye tout tibebe nan Betleyèm yo nan lespwa pou l te touye Jezi tibebe.
Ezayi yon pwofèt Ansyen Testaman ki te ekri sou Jezi
Farizyen dirijan Juif yo. Pifò nan yo te rayi Jezi ak disip li yo.
Gabriyèl zanj ki te vizite Mari a epi ki te di l ke li t ap vin manman Jezi a. Gabriyèl te parèt devan Zakari tou epi li te di l ke l t ap gen yon pitit gason ki t ap rele Jan Batis.
Jak youn nan Douz Apot Jezi yo. Li sete youn nan konseye Pyè yo apre lanmò Jezi.
Jan youn nan Douz Apot Jezi yo. Li sete youn nan konseye Pyè yo apre lanmò Jezi.
Jan Batis pwofèt ki te batize Jezi a. Li sete pitit Zakari ak Elizabèt
Jayiris yon dirijan Jwif nan Kapènawòm. Jezi te leve pitit fi li soti nan lanmò.
Jezikri Pitit Bondye ak Sovè mond lan. Li te soufri ak mouri pou peche nou.
Jida Iskaryòt youn nan Apot Jezi yo. Jida te denonse Jezi bay mechan yo pou 30 pyès lajan.
Joseph Smith Lè Joseph Smith te yon tigason, Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te vizite li. Yo te di l pou l pa t antre nan okenn legliz yo ki te sou tè a lè sa a paske you tout te lwen laverite. Atravè Joseph Smith, vrè Legliz Jezikri a te retabli sou tè a.
Jozèf mari Mari. Jozèf te byen pran swen Jezi ak Mari.
Jwif Izrayelit ki te fè pati wayòm Jida a. Jezi sete yon Jwif.
Kayif gran prèt Jwif ki te pran pa nan kondane Jezi nan jijman l la
Laza yon moun Jezi te leve soti nan lanmò.
Mari manman Jezi
Mari ak Mat sè Laza ak zanmi Jezi
Mari Magdala zanmi Jezi epi premye moun ki te wè Jezi apre Rezirèksyon li
Matyas yon disip Jezi ki te aple pou pran plas Jida Iskaryòt la antanke youn nan Douz Apot yo
Mesi yon lòt non pou Jezikri
Moyiz yon pwofèt Ansyen Testaman
Nikodèm yon dirijan Jwif ki te kwè ke Jezi sete Sovè a. Jezi te anseye Nikodèm sou batèm.
Papa nou ki nan Syèl la (Pè Selès) Papa kò espri nou. Nou priye li.
Pòl yon mesye ki pa t renmen disip Jezi yo jisakaske li te wè Jezi nan yon vizyon epi li te vin konvèti. Apresa li te sèvi Bondye epi li te vin youn nan Apot yo. Yo te rele l Sòl tou.
Pons Pilat gouvènè Women nan Jerizalèm nan. Juif yo te di Pilat pou l krisifye Jezi, epi Pilat te kite yo touye Jezi.
Pyè youn nan Douz Apot Jezi yo ak Prezidan Legliz la apre lanmò Jezi.
Samariten yon gwoup moun ki t ap viv nan peyi kote Jezi te viv la. Juif yo ak Samariten yo abityèlman youn pa t renmen lòt.
Satan yon pitit espri Papa nou ki nan Syèl la. Li pa t obeyi Papa nou ki nan Syèl la, konsa yo te chase l soti nan syèl la. Li te vin tounen dyab la. Satan eseye tante moun pou fè yo fè sa k pa bon.
Sentespri youn nan twa manm Divinite a. Li ede Jezikri ak Papa nou ki nan Syèl la. Li gen pouvwa pou ede moun konnen laverite. Li se yon espri e li pa gen yon kò lachè ak zo.
Silas yon misyonè epi zanmi Pòl
Simeyon yon mesye jis ki te wè tibebe Jezi nan tanp lan nan Jerizalèm
Simon yon mesye nan Samari. Li te eseye achte Prètriz la nan men Pyè ak Jan. Yo te anseye li ke yon moun pa ka achte Prètriz la.
Sòl gade *Pòl*
Sovè Jezikri se Sovè a. Li te soufri epi li te mouri pou peche nou. Gras avèk li, nou kapab jwenn padon pou peche nou yo, si nou repanti, epi n pral viv pou tout tan.
Tabita yon bon fi ke Pyè te fè leve soti nan lanmò
Women moun ki te kontwole peyi kote Jezi t ap viv la pandan lavi li
Zakari papa Jan Batis

Foto Tè Sent la

(Chif ant parantèz yo se kantite istwa nan chapit la ki te pase nan kote yo montre a oubyen tou pre li.)

Betleyèm Jezikri te fèt nan vil sa a. (5, 7)

Tanp Sa a se yon modèl tanp nan Jerizalèm nan kote Jezi te anseye levanjil la epi chase moun ki t ap vann bèt pou sakrifis yo. (1, 6, 9, 11, 13, 45, 56)

Etap ki mennen nan tanp yo Sa yo se eskalye aktyèl ki mennen nan tanp lan.

Nazarèt Jezi te grandi nan vil sa a. (2, 4, 9, 17)

Jerizalèm Jezi ak Apot li yo te pase anpil tan ap anseye nan vil sa a. Jezi te mouri epi li te resisite nan kote sa a. (6, 39–40, 44–57, 63)

Rivyè Jouden an Jan Batis te batize Jezikri yon kote nan rivyè sa a. (10)

Dezè Jide a JEzikri te jene epi li te tante pa dyab la nan dezè a apre batèm ni. (11)

Samari Jezi te anseye yon fi sou dlo lavi bò yon pi nan peyi sa a. Pifò Juif yo te rayi pèp Samari a. (15, 58)

Galile ak Lanmè Galile a Anpil moun panse ke kolin sa a se kote Jezi te fè Diskou sou Mòn nan. Lanmè Galile a nan fon an. Jezi te anseye anpil moun levanjil la, enkli Apot li yo, tou pre kote sa a. Jezi te kalme yon tanpèt sou Lanmè Galile a. (18–22, 29, 34, 36)

Kapènaòm Win sa yo nan vil Kapènawòm nan. Jezi te akonpli anpil mirak nan vil sa a. (23–25, 30)

Sezare Filip Nan zòn sa a Jezi te temwaye de lanmò li ak Rezirèksyon li, epi Pyè te temwaye ke Jezi se Pitit Bondye. (32)

Jeriko Nan paraból Bon Samariten an, yo te prèske touye yon mesye ki t ap vwayaje sou wout pou ale nan vil sa a. (35)

Montay Tabor Se kapab kote sa a Transfigirasyon Jezikri a te pase. (33)

Jaden Jetsemane Jezikri te priye, soufri pou peche nou yo, te trayi pa Jida, epi te arete nan jaden sa a. (51, 52)

Gòlgota Sa gen dwa se kote Jezikri te mouri sou kwa a. (53)

Tonm nan Jaden an Se gen dwa kote Jezikri te antere, resisite, epi pale avèk Mari Magadala a. (53, 54)

Liy istwa Nouvo Testaman an

Anvan nesans Jezi jiska A.K. 2	A.K. 11	A.K. 31	A.K. 32
1 Elizabèt ak Zakari 2 Mari ak zanj lan 3 Jan Batis fèt 4 Jozèf ak zanj lan (A.K. 0–2) 5 Jezikri fèt 6 Prezantasyon nan tanp 7 Wa Maj yo 8 Mechan Wa Ewòd	9 Jezi, tigason	10 Jezi batize 11 Jezi tante 12 Nòs nan Kana a 13 Jezi ak kay Papa li ki nan Syèl la 14 Nikodèm 15 Fi bò pi a 16 Pitit gason gwo fonksyonè a 17 Moun fache nan Nazarèt 18 Jezi chwazi Apot li yo 19 Diskou sou Mòn nan 20 Jezi anseye sou lapriyè 21 Jezi kòmande van yo ak vag lanmè yo 22 Mesye ki te gen movèzespri yo 23 Mesye ki pa t ka mache a	24 Pitit fi Jayiris la leve soti anba lanmò 25 Yon fi touche rad Jezi 26 Jezi padone yon fi 27 Fè travay Papa li sou tè a

Nimewo devan tit yo endike nan ki chapit nan liv sa a ou ka li istwa a.

A.K. 33	A.K. 34	Dènye semèn lavi Sovè a	A.K. 34–70
28 Jezi nouri 5.000 moun 29 Jezi mache sou dlo a 30 Pen lavi a 31 Jezi geri yon moun soud 32 Pyè temwaye de Kris la 33 Aparisyon an glwa: Transfigirasyon an 34 Tigason avèk movèzespri a 35 Bon Samariten an 36 Jezi rakonte twa paraböl Brebi pèdi a Pyès kòb pèdi a Pitit gason pèdi a 37 Dis lepre yo 38 Farizyen an ak Pibliken an 39 Jezi geri yon mesye avèg 40 Bon Bèje a 41 Jezi beni timoun yo 42 Jenòm rich la	43 Jezi fè Laza retounen vivan ankò	44 Sovè a ale Jerizalèm 45 Obòl vèv la 46 Dezyèm Vini an 47 Dis vyèj yo 48 Talan yo 49 Premye Sentsèn nan 50 Lòt ansèyman nan Dènye Soupe a 51 Jezi soufri nan Jaden Jetsemane a 52 Jijman Jezi 53 Jezi krisifye 54 Jezi resisite	55 Apot yo dirije Legliz la 56 Pyè geri yon moun 57 Mesye mechan yo touye Etyèn 58 Simon ak Prètriz la 59 Sòl aprann sou Jezi 60 Pyè fè Tabita retounen vivan ankò 61 Pòl ak Silas nan prizon 62 Pòl obeyi Sentespri a 63 Pòl fini misyon li

HAITIAN

4 02366 18036 3

36618 036